

ЗОЛОТОЙ ФОНД ПРЕССЫ 2023

ISSN 0132-9723

2.2023

# МагIарулай

Товарищи далеких дней моих,
Ровесники, прожившие так мало!..
Наверное, остался я в живых,
Чтоб память на земле не умирала.

На поле боя павшие друзья –
Вас было много, страстно жизнь любивших.
Я ведаю: в живых остался я,
Чтоб рассказать о вас, так мало живших.

*Расул Гамзатов*





# Къадру-къимат, яхI-намус, бахIарчилъи!

Къадру-къимат, яхI-намус, бахIарчилъи – чиясул рухIияб ва гIаданлъи-чилъиялъул гьоркьоблъи бихьизабулел рахъал ккола. Гьел цоцазда хурхаралги руго. ЯхI гьечIеб къадруги, намус гьечIеб бахIарчилъиги букIине рес гьечIелъул. Гьел инсанасул рухIиял гIаламатал кидаго бихьиназда хурхинаруралльун рикIкIунел рукIаниги, тарихалда руго гIемерал хIужжаби руччабазул рухIияб рахъ гьез борцарабги.

ЦIакъго инсанасул гьединал рухIиял рахъал цере лъола хIуригаталъул, рагъул яги тIабигIиял балагьазул заманаялъ.

Дунялалъулго тарихалда гьединал лъалкIал тарал чанго чIужугIаданалъул цIар рехселин: Жанна Д,Арк, Ирена Сендлер, Зоя Космодемьянская, Индира Ганди, Надежда Курченко, учителя Беслана, Лейла Юсуфзай ва гьел гурел гIемерал цогидалги, аза-азар гIадамазул ракIазулъ лъалкIал тарал, цIарал.

Гьединазда гьоркьор руго къо ккараб мехалъ бахIарчилъи бихьизабурал, гIемерав чиясе пайдаяб гIумру тIамурал нилъер мугIрул руччабиги: Парту ПатIима, Туту-Бика, ГIашилтIаса Ханзадай, ГIоротIаса Хутай, ГIанхил Марин, Тату Булач, Сафият Аскарова, Барият Мурадова, Къуркълиса Щаза, Бавер Жафарова, Хадижат Сайгид-ХIусенова, Фазу ГIалиева…

Щивасухъа бажарула жеги анцIго нилъер ракьцоязул цIарал тIадеги рехсезе.

Цоял жидерго россал-мугъаджиразда цадахъ Кавказ рагъул заманаялъ ВатIан тун гочарал, цогидал I877 соналъул дандечIеялдаса хадуб, декабристазул руччабазул бахIарчилъиги такрар гьабун, Сибиралде арал. Граждан ва КIудияб ВатIанияб рагъул заманаялъ рагъул ва хIалтIул фронталда жидедаго барахщичIого къеркьарал. Ракъун ругин, квачан ругилан зигардичIого, бихьинал хисун, бергьенлъи гIагарлъиялъе гIоло тылалда хIалтIарал...

Дагъистаналдаса бахIарзазул бицани, гьел кинalго гьаруна улбуз, жидерго рахьдада цадахъ яхIалъул, намусалъул, бахIарчилъиялъул ва лъикIлъиялъул мугъалги рекIелъ рекъун!

Жакъа нилъер пачалихъалда хIалуцараб хIал буго. Россиялъ иргадулаб дандечIей гьабулеб буго фашизмалда данде, дунялалдаго гьеб тIибитIилилан хIинкъи букIиналда бан. Рагъул кор боркьарал авлахъазда нилъеда, бахIарчиял дагъистаналъул васал гурелги, ракIбацIцIадго жидер налъи тIубазабулел ясалги рихьулел руго! Гьел, Каспийск флотилиялъул цебе унеб медицинаялъул взводалъул операциял гьарулей сестра, медицинаялъул взводалъул командир Альбина Капланова, контракталъул хъулухъалъул сержант, медицинаялъул ротаялъул операциялгун катан къалеб взводалъул операциял гьарулей сестра Асият ГIабдуразакъова, медицинаялъул ротаялъул операциялгун катан къалеб взводалъул операциял гьарулей сестра, ефрейтор Айназ ГIазизова ва гьел гурел цогидалги.

***Гьел ясазул миллат нижеца ургъунго бихьизабулеб гьечIо. Гьел киналго руго дагъистаналъул ясал ва киназего гIаммаб буго къадру-къимат, яхI-намус, бахIарчилъи!***

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

БАКЪНАЗУЛ ИШ – ДИЕ ГIАГАРАБ ПИША! ........................................... 8



Хоралъ кечI ахIулел гIадамал рукIуна хасаб къавм. Гьезда лъала щиб жо ансамбляги, гьениб цоцае букIине кколеб кумекги, - ян абуна Эмиляца. Опералъул хормейстерасул аслияб мурадлъун букIуна артистазул гьаракь рекъезаби, гьезие сценаялда санагIалъи букIинаби.

ДИЕ РАСУЛ ЩИВ ККОЛЕВ?........ 14



Хъвадарухъабазда гьоркьоб бицуна, рокьул хIакъалъулъ хъвазе бищунго захIматаб бугилан. Гьеб битIарабги буго. Рокьул хIакъалъулъ хъварал тIахьаз бацун буго тIубараб нилъер ракьго. Гьелда тIадеги цойгиги щибилан абизе гIоло рокьул хъвазе чи лъугьинев. Лъугьиневни бегьила… КIолебищ?

ТIЕХЬ ЦIАЛИ —
ЛЪИКIАБ ГIАДАТ .......................... 26



- 80 соназда Азербайджаналда байбихьана кIудияб хиса-баси, Карабахалда ккана тунка – гIусиял. Гьединлъидал ниж Дагъистаналде тIадрусса-на. Дир умумул кколаан Лак районалъул Говкра росулъа. Инсуе бокьулеб букIана гIагараб ракь, гьесда гьеб лъикI лъазеги лъалаан. Гьесул кидаго букIунаан гIагарлъиялъулгун бухьенги. Гьединаб рокьи гьес куцана нижелъги. Азербайджаналъул тумал ракIаниги , нижеда лъикI лъала рахьдал мацIги ва гIурус мацIги.

ТАВБУ............ .............................. 31



Хадуб жиндир рухI лъугIулеб букIинги бичIчIун Сергейица хIукму гьабуна живгоги хун хутIарал гьалмагъзаби цIунизе. Гьес къватIибе бахьана цадахъ букIараб граната ва хьачагъал тIаде руссинегIанги чIун, ахирисеб къуватги бакIарун, чекаги къватIибе цIан, гьезде хьвагIана гьеб…



Жиндир гІумруялда цІакъго кІвар бугеб бакІ магІарул гІадатаз ва культураялъ ккунилан абулеб буго гьай гІаданалъ. Гьеб бугила гьобол хиралъиги, рухІияб рацІцІалъиги, гІакъиллъиги, гІадлу – низам цІуниги, кІудиязул хІурмат гьабиги, цоцазе кумекалъе ратиги ва цогидалги лъикІал рахъал. Киналго гьел магІарулазе хасиятал тІокІлъабиги кколила. Гьединлъидал гьанжесеб цІияб гІасруялдаги магІарухъ рухІияб бечелъиги миллияб культураги цІунунги хутІун бугила ва гьеб киналдаго хІикмалъичІого гьенире тІоцере щваралги хутІуларила.

# ВАТІАНИЛАН АБУЛА...

### ХЪИЗАНАЛЪУЛ КЪАНУНАЛ

Жиндирго хІакъалъулъ бицунелъул Алена МухІамадовна ГІабдуллаевалъ кІвар буссинабула жий шагьаралда гІеялде ва гьений цІалиялде. Амма ракІалъ гьей ахІун йиго гІагараб росулъе Дахадаевск районалъул Трисанчиялде. Гьений юссун йиго ригьнаде, гьарун ругоункъо лъимал ва жийгоги релълъун йиго гІадатияй магІарулалда.

- Эбел – инсуца дие тарбия кьуна жидерго мисалалда, - ян абуна гьелъ, - гьеб абуни букІана цоцазухъ гІенекки, хъизаналъул къанунал цІуни. Дида ракІалде щола лъимерлъи щулияб хъизаналда араблъи ва дицаги хІаракат бахьана эбел – инсуда релълъарайлъун йикІине.

Эбелалъул рахъалъ нижер кІудадалги кІудабабалги хъизаналда букІана ичІго лъимер, - абун бицана гьелъ. – Къурбанги Хъистаманги рукІана кутакалда гьобол – гьудул хирияв, таваккалал гІадамал. Гьез жидеего гьабураб ункъо лъимаде тІаде щуабилеб хьихьизе тІаде босараб лъимерги гІезабуна. Къоялъ магъилъги хурирги хІалтІулаан ва лъикІаб магІишатги букІана гьезул. Гьез рагъул ва хадусел соназда гІемерал мискинзаби ракъун хвеялдаса хвасар гьаруна. КІудада Къурбаница абулаан мискинав пакъиравилан чи ватІа гьавизе бегьуларила, БетІергьанас нилъ киналго ращад гьарун ругила ва кумек гьабизе кколилан. Росуцоязда гьел гьанжеги гІемерал ракІалде щола ва баркалаялъулаб гьари – рахьиги камуларо. ГІагараб Трисанчиялда гьабсагІатги буго Къурбаница бараб къулгІа. Инсул рахъалдаса умумулги хъизан кІудиял чагІи рукІана, гьезги гІезаруна щуго васги кІиго ясги.

Кинан мун, даргинай, Аленалъун ккарай абун гьикъидал, гьей гьимана:

- Гьединаб цІар букІана тІоцеесей космонавт Терешковалъул ясалда. Дун гьаюраб мехалда баркизе ячІарай росдал учительницаялъ эбелалда абун буго гьеб цІар лъезе лъикІаб букІинаанилан. Гьейги разилъун йиго.

- Рукъалде вуссараб мехалда дир инсул букІун буго І9 сон, эбелалъул-І7 сон. ХвезегІан хутІана гьезул цоцадехун рокьиги. ГьабсагІатги нижер росулъ эмен рикІкІуна мисалияв рослъун ва хъизаналъул бетІерлъун. Гьединаб щун буго гьесиеги тарбия ва гьес лъикІ цІунун буго магІарул гІадатги, гІаданлъиги, рокьиги. Гьелда абула гІакъиллъиян, гьебги букІуна чиясе тІасан къураб.

Алёнада ракІалде щвана рикІкІадал 70 аблел сонал, эбел – инсуца росулъ гІумру гьабулеб букІараб, эбел росдал ФАПалъул нухмалъулейлъун ва эмен учительлъун хІалтІулев вукІараб заман.

- «КІудияб рукъалъул гьитІинай хважаин» - илан абулеб букІана гьитІинаб мехалда дида инсуца, - ян бицана Алена МухІамадовналъ. –

Нижер букIана лъабго лъимер ва киналго ниж рукIана цоцалъ гъуинал, цоцахъ гIенеккулел, гIадлу бугеллъун. Щивасул рекIелъе батулаан эбел – инсуда хасаб кIул, гьедин батIаго рагъулаан щивасул ракI, гIуцIулаан жанисеб рухIияб рахъ. ГIелбащадаздехун гIадинаб букIунаан гьезул лъималазулгун хабар – каламги, пикру лъазабиги.

ЦIакъго хинаб балагьи Аленал буго эбел ГIайшат Къурбановналдехун. ГIурал лъималазе гвангъараб чирахъун йикIун йиго ГIайшат. Гьединго цадахъ хIалтIулел, МахIачхъалаялъул лъималазул №2 поликлиникаялъул коллективги мукIураблъун буго гьелъул хIурматалъе. Гьезие гьей гIицIго бетIерай сестра гурейги унго-унгояй насихIатчIужулъунги лъугьун йиго.

Аленада ракIалде щвана жиндир рос Шамил ГIабдуллаев къадаралде щведал эбелалъул рахъалдаса щвараб кIудияб кумекги, ургъел бикьизе, къварилъи чучизе гьей аскIой ятиялъ жиндие лъугьараб бигьалъиги. 37 сон барав гIолохъанчи – рос камиялъул захIмалъи баччи бигьаго букIинчIилан къварилъана гьей.

## БИГЬАЯЛДАСА ЗАХIМАТАЛДЕ…

Аслияб къагIидаялда Алена МухIамадовалъул гIумруялъул рохел буго ракIалъе къабулаб хIалтIи – ишалдаса. Росдал школа гьелъие лъугьун буго гIагараб бакIлъун. Байбихьуда гьей гьений тарбиячIужулъун, гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительницалъун хIалтIун йиго. Цинги тун йиго тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместительлъун. Гьей лъалей йикIана гIицIго лъикIай педагог хIисабалда гурейги, жигарай гIуцIарухъан гIадинги ва гьелъул цIар рагIичIого хутIизе ресги букIинчIо.

2017 соналъ Алена МухIамадовна тана школалъул директорлъун. БачIинахъего гьелъ школалда гIуцIана край лъазабиялъул музей. Гьелда сверухъ хIалтIи гьабизе гIахьал гьаруна сверухъ ругел росабазул школалги жидерго коллективги. Гьанже гьеб ккола гIелмиял цIех – рехазде гIунтIун хIалтIи жаниб гьабулеб ва гIагараб ракьалъул тарихги, гIумруги лъазабулеб бакIлъун.

Ункъо соналъ директорлъун йикIиналъ лъикIаб хIалбихьи щвана Алена МухIамадовналъе. Гьелъ гъункизабуна коллективги, цо хъизаналда жаниб гIадинаб хIал лъугьинабуна школалдаги. Гьединлъидал районалъул нухмалъулез гьелда тIад къана администрациялъул социалияб отделалъе нухмалъи гьабизе.

## СОЦИАЛИЯЛ МАСЪАЛАБИ – БИЩУНГО ЗАХIМАТАЛ…

- ЦIияб хIалтIиялъ дие рес кьуна захIматал суалал тIуразаризе бугеб бажариялъул хIалбихьизе. Лъай кьей, культура, спорт, туризм, къайимлъи – киналго гьел ккола щибаб къойилаб кIваралъул ва гIуцIарухъанлъиялъул бажари хIажалъулел рахъал. БитIараб бицани байбихьуда бигьаго букIинчIо, - ян абуна гьелъ. Амма хIаракатчилъи гIуна, бажарарабщинаб гьабула.

КигIанабдайха гьелъухъа бажарараб абураб суалалъе жавабалъе абуна: «ГIадамаз бицине те» – ян

## ЦIИДАСАН УЧИТЕЛЬЛЪИЯЛДЕ…

Алена МухIамадовналъ абуна муниципалияб хъулухъалде ккедал гурони бичIчIичIила жинда доб школалда лъималгун хIалтIулеб заман кигIан талихIаб букIарабали ва цIидасан росулъе директорлъун ячIиндал рокьое юссарай гIадинги кканилан.

- Дун школалде кидаго цIалаан ракIалъ, дида гьеб дирго хъизаниланги ккола. Гьанжесеб школалда гIицIго лъай кьей гуреб, кIвар цIикIкIараб рахълъун тарбия кьей – цIияб гIел гIезабиги буго. Гьелъ абулеб буго школалъул нухмалъулез бищунго кIвар буссинабизе кколеб жолъун жинда бихьулила битIараб ва лъикIаб тарбия лъималазе кьеялъе хIажатал шартIал рукIинари.

- Тарбия кьей буго гьоркьоса къотIичIого гьабулеб иш. Школалда тIадаб буго гьеб ургъун ва хIасил кколедухъ гIуцIизеги тIобитIизеги… Гьанжесев цIалдохъан кинавин вугев абун гьикъидал гьелъ ургъун жаваб гьабуна:

- Жакъа росдалги шагьаралъулги цIалдохъан ватIа гьавизеги захIмалъула. Интернет, гаджетал гIемерлъиялъ ва хIалтIизариялъ киназулго шартIалги ращалъана. Квеш ккараб жо гьениб буго гIолохъаналги гIисиналги цIакъго интернеталде жанире ккеялъул бугеб зарал бичIчIулеб гьечIолъи. Гьедин мекъаб нухде ккезарулелги камулел гьечIо ва хIатта эбел – инсуеги захIмалъулеб буго лъималазул ботIролъги ракIалдаги бугеб жо рагьизе.

Педагогалъ абулеб буго гIолохъаби социалияб кIваралъул ишазде гьорлъе цIазе ккolила, гьезие букIине ккола хIалтIи ва ишалде руссине шартIал.

- Дица гIемер пикру гьабулеб жо буго,
- ян абуна Алена МухIамадовналъ,
- кинав чи ккола гьанжесев дагъистанияв абураб. Жиндир мурадазе лъагълъи гьабулев, согIав, жиндаго гурони божуларевищ ялъуни ракI гIатIидав, божарав, кумекалъе хIадурав, гIадамал хириявищ? Гьелъие щивасул батила жаваб…

Алена МухIамадовналъе гIагараблъун хутIун буго советияб заманалда букIараб лъай кьеялъул къагIида. Доб заманалда щивав цIалдохъан вукIанила пачалихъалъул тIалабалда ва берзукь. Гьедин гIолилазе рес кьолеб букIинчIила квешалде ругьунлъизе, гьел гIезарулел рукIанила гIадамазе пайдаяллъун.

- Доб заманалда гIицIго тарбия кьун гIезари гуребги, гIолилазе рес букIана тIадегIанаб лъай босизеги, гьелда рекъон хIалтIизеги, хъулухъ – ишалъ эхедегIан рахинеги. Комсомолги букIана бажари бугелгIанал гIолилазе тарбиялъе ва церетIеялъе кумекалъе.

## БАХIАРЧИЛЪИ БУКIИНЕ ККОЛА…

Гьединаб, тарбиялъул рахъ лъикI гIуцIараб хIал улкаялда бугони тIаде гIолеб гIелги гIадлуяб букIинилан абуна гьелъ. - Гьанжесел нилъер гIолилалги лъикIаб

гIадат – гIамалалда хьвадизаризе бажарулила. Гьелъ ракIалда щвезабуна вацал НурбахIандовазул бахIарчилъи ва абуна гьединал мисалал дагьал рукIинчIила КIудияб ВатIанияб рагъул заманалдаги.

- Гьел гIолохъабаз бер къапичIого кьуна ВатIаналъе гIумру. Гьанже Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялдаги нилъер гIолохъаби тIубарабго НАТО ва СШАялде данде бахIарчиго рагъулел руго. ЗахIмат буго гьениб бугеб хIал цебечIезабизеги. Украиналда щуго соналъ цIалун вукIана дир рос Шамил, гьенир гьесул гIемерал гьалмагъзабиги рукIана…

Алёна МухIамадовналъ абуна рагъулаб операция байбихьараб къоялдасаго Дахадаевск районалъ Крымалъе ва Донбассалъе гьабулеб материалияб кумекги къотIизе течIилан.

- Бомбабиги доз гIицIго рагъулал бакIазде гурелги ралел рукIана, гIадамаз гIумру гьабулел кварталаздеги, лъималазул ясли – ахаздеги, школал ва больницабаздеги, - ян бицана гьелъ. – Гьелъухъ балагьизеги захIмат букIана. Нилъ рагъулел руго тIубараб Европагун. Амма гьединги бергьинеги руго.

Алёна МухIамадовналъ тIадегIанаб къимат кьуна гьанже районалъе нухмалъи гьабулев МухIамад ГIабдулкъадировасе. Абуна гьес кутакалда лъикI гьабулеб бугила рагьде ритIарал гIолохъабазул хъизаназе кинабго бихьизабураб кумек.

- Дун ккола гуманитарияб кумекалъул фондалъул председатель,
- илан абуна гьелъ, - ва лъикI лъала кумек гIадамазда гьаризеги кколареблъи. Гьез жидецаго битIун бачIуна рагьда ругел дагъистаниязе ва гьединго ДНР, ЛНР республикабазул гIадамазе гIарацги, босун ва букъун кьола ретIелги, рачIуна кванил нигIматалги. Гьединго анцIила лъабго тонна нигIматазул битIана Крымалдеги. БакIарун буго лъабго миллионгIанасеб гIарац ва гьеб кинабго кьезе буго республикаялъул БетIер С. Меликовасул фондалде. Нижер руччабаз солдатазе хьухьана 2500 джурабал. Армиялда васал – росал арал 23 хъизаназул щибалъе кьуна 20 000 гъурущ. Рагъда чIварал 18 рагъухъабазул хъизаназе кьуна 50 000 гъурущ щибалъе. Гьединго сайгъатал гьарула улбузе, лъудбузе, лъималазе. Нилъер рагъухъабазда лъазе ккола пачалихъалъул тIалаб гьечIого гьезул хъизан – лъимал хутIулареллъи…

- Мун талихIай гIадан йигищха?

- Дица гьелъул пикру киданиги гьабичIо, гIумру гьабуна намусалъе хилиплъичIого. Дие бокьула гIагараб Трисанчи. Гьаб буго дие дунялалдаго бащадаб бакI… Йохизаюла ясаз. Сарижат ккола тохтур – невролог, росгун гIумру гьабулей ва хIалтIулей йиго Москваялда. Наида цIалулей йиго Дагъмедакадемиялда, ахирисеб курсалда. Фаридаца лъугIизабуна РФялъул Минюсталъул Правоялъулаб Академия ва гьей ккола «Точка роста» абураб муниципалияб программалъул нухмалъулей. Нижее киназего хирияб буго гIагараб ракьги, гьелъул культураги, гIадаталги. Бищунго хириял абуни гьанирги руго гIадамал. Гьединлъидал талихIалги ратила.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



Расул ХIАМЗАТОВ

# ЦIада

*(«Дир Дагъистан» тIехьалдаса)*



ЦIада!.. Лъабкъоялда анцIго цIараки, цебехун мегъ, нахъехун кьураби, сверухъ, берталъе тIохдасан лъимал гIадин, тIаде къуларал мугIрулги кьурабиги.

Москвалдаса инсуца росдаде дандеккун тахшагьаралъул «гIунгутIабазул» рахьалъ хъвараб кагъат ракIалде бачIана цIидасан дида. Инсуца хъван букIана: Гьаниб Москвалда цIайищ бакуларебин, квенищ гьабуларебин, я къеда рак чIвалей чIужугIадан йихьуларин, я тIалаяхъан беролеб тIагъу-тIагъур гIадаб кIкIуй бихьуларин, я михир гурин тIохда, я чIар гьечIин гьаниб тIибитIараб. Гьаз гIачиязе балеб жо жинда лъаларилан, цониги магъал раччун унел руччаби рихьичIилан. Гьаниб лъадийищ ячунарей, бертинищ букIунареб, я зурмил къвакъвай гурила, я къолол гьаракь гурила, щибго кьвагьи-гIанхъи гьечIила, рехъаде гIачигIадин гIергIериялда гIицIго автомобилал унила. ТIаде вачIарав гьоболасе гIодобги тIамун хъвезе рачIчI хьвагIулеб, лълъар баккараб жо дандего чIвачIила. Гьаб магIишаталда бахиллъиларила, бухун лъикI ражигун хинкIал щолареб, лал тIамизе гIадал гьоцIаби площадалин абун тиризе гьарун ругила. Гьабзазул хIапи гьечIила, хIамузул гIергIери гьечIила, хIелказул ругьунал гьаркьал рагIуларила... Инсуца хьван букIана: гьанир руччаби чохтIо-кIаз гьечIого хьвадулила. Гьеб босизе рес гьечIогонищ, барахщунищ ругеяли. Бихьинаца тIаргьалилан тIарсал ботIрода лъун ругила. Кьур-кьурараб кьагIрил тахтаялъул бухари лъалебцин батиларила...

Цоги гIемерал «гIунгутIаби» рукIана дир инсуца ЦIада росдаде дандеккун Москвалъул рихьизарун.

ЦIада!.. Гьале дун вачIана гьаниве, гьел «гIунгутIабазул» цIураб кIудияб дунялги сверун... Лъабго къоялъ тирана дун дир гIисинал соназул рагIадалгун, дирго гIумруялъул ихал-хаселалгун. Рогьалил щубалъ гIурабазда чурана дица дир хIатIал, лъараз гуреб, иццаз чурана дица дир гьумер, кьурабалъан чвахулеб букIана дир черхалде душ, кIкIалабахъ хинал ганчIазда гьоркьор рукIана дир полпилал лъаразул ваннаби – дир океанал.

Къода жаниб къоцIул сверана дица дирго ЦIада «шагьарги» сверухълъиги. Щвана щибаб рокъове, щибаб цIа сварабги свинчIебги гъасде. Лъимал гьечIел кинияздеги къулун ахIана гьенив дунго вегун вугев гIадин кечI. Лъимал регарал гьулаказдеги къулана.

Щвана хабазул занахъе, гIодов чIана кверкьовуда, кьурдана бертабалъ. РагIана кидаго рагIичIел рагIаби, хабарал, ракIалдещвана кIочон тарал, бихьана цIияб, лъана некIсияб. Гьеб кинабго каранлъ жаниб багъаргъана. РакIалдещвеязги, пикрабазги, самураб квасалъул куназ мерго гIадин, вухь-вухьана дун. Гьеб мерго бичун гIомо гьабулеб гIадаб, хадуб куналги релъун тIанса бессулеб гIадаб хIисаб букIана дир. Рокьуца гьитIинго кIодо гьавуна, КIудияв гIейгун дун гьитIин гьавуна... Дир хьвалеб букIараб рокьул поэма гьанжеги, хехаб телалъ сапаралде ахIарав гIадин, хъвалаго хутIана.

Гьедин букIуна, сон хутIараб квен хинлъизабизе рогьалида цIа бакулаго, тохлъукье гьалбалги рачIун, цIияб квание хьаг хисулел магIарулазулги. Ялъуни, берталъ бищун цере гIодор чIарал гIолохъаби, чIахIиялги тIаде рачIун, нахьияб кьерде рахъун унелъул; ялъуни, жамагIатчагIи къаси нахъа кIвар бугеб харбиде машгъуллъараб мехалъ, каламалъе квал-квал букIинчIого хутIизе нахъарокъоре регизе ритIулел лъималазулги. Дида лъаларо, гьединищ гьебали, амма щибав чи жиндирго пикрабазул, къасдазул, асаразул чанахъанлъунги, ччугIихъанлъунги, чотIахъанлъунги вукIине ккола.

Ялъуни, гьелъул гIаксалда, дун дир къасдазеги, асаразеги, пикрабазеги чанги, ччугIаги, чуги вуго.

Пикраби рачIуна, гьикъичIого рачIунел гьалбал гIадин. Гьездаса лъутизе бегьуларо. Бищун гьитIинав гьоболги нилъее бищун кIудияв вукIуна гьев нилъехъе вачIараб къоялъ. Кисаян цIехечIого гьев тахида гIодов вукIинавула, гьесие цIа бакула.

Гьедин тохлъукье хъвазе байбихьана дица гьаб тIехь. Гьедин букIуна цо чIваби рекъон ругищали балагьизе магIидаса бахъараб пандур хъинтIа-митIур абун хъвалаго, бачунаго, ахIулаго сордо рогьун батулеб. Яги мадугьалихъе цIа босизе йитIарай яс росасеги ун ячIуней. Ялъуни цо росулъа цоги росулъе хехаб къваригIелалъ витIарав гIолохъанав чапар чода нахъа лъадиги лъималги рекIинарун вуссунев.

* * *

...Цо нухалъ, бакъги тIерхьараб, сордоги бачIинчIеб заманалъ, дунги цо гьоболги цебегосеб гьалмагъ «Москвалъул» шишагун цадахъ нижерго подвалалъуб чIарбида тIамураб газета сверун гIодор чIун рукIана. Доб мехалъ нижер, гьанже гIадал жаниб гьури иштIолел гурел, чармил хунжрул гIадал щулиял, паркъолел цаби рукIана. Амма закускаялъе щай гурин, шишаялъецин мугьал гIолел рукIинчIо. Шушбиги нижеца, рикIкIинегIаги гIемер рукIинеян, ГIамирил гIадал гIисинал росулаан.

Гьедин цо-цо кочIохъабаз жидерго мухъал, цIияб къагIида гьабулебан, баща-бащад гьарун рахъула, цо мухъалъул кIиго лъабгоги гьабула, килькаялъ план тIубазабулел ччугIихъабаз гIадин.

Лъаларо нижер зурмил гьаркьихьейищ, пандрил бакънахъейищ, дир лалабазищ ялъуни гьитIинго лъараб цIадул кунчIиялъищ ахIарав, къотIносан унев цо нухлулав цойидасан дир нуцIида кIетIана.

Мадугьалихъ йикIарай къоролалъ – даранчIужуялъ «можна!» – ян ахIулеб рагIана дида, гьобол жиндихъе вачIунев вугилан ккун. – Бегьилищ? – Салам къватIибищ тараб жаниве вачIунелъул? – ан гьикъана дица. – Асалам гIалайкум, бегьилищ?
– ВагIалайкум салам, вачIа, балагьилин, – абуна дица. Жаниве лъугьун вачIана, гIункIрукьазде тIадехун гIунтIун къвалал гурарав, каранде щвезегIан габур рагьараб хъахIаб гордеялда жанисан баккараб загьираб гьумерги гьимулаго, цIуварав, узданав гIолохъанчи. Дун Эффенди Капиев вугин абуна гьес.
– ГIодов чIа, Апанди, – ян абуна дица... – Финагент ватилин вукIана дун... Гьагъаб сордоялъ нижедаго лъачIого хабаралъ рогьинабуна сордо. Дица бицана – Апандица хъвана, дица цIалана – Апандица хъвана. Дица ахIана – Апандица хъвана. Махщел бугев чи вукIана. Цо заманаялдасан рагIана дир кучIдул газеталда рахъун ругин, хадуб тIехь бачIана бахъун. Хадуб гьел Кремлиялдецин щун ратана. Хадуб дир цIар ЦIадаса ХIамзатидаги Сулейман Стальскиясдаги аскIоб рикIкIине байбихьана. Дагъистаналъул кочIохъабазул гьанже лъабабилев чилъун гьавуна дун. Хадуб орден кьуна, депутатлъун вищана, «Дагъистаналъул халкъияв поэт» абураб цIар кьуна. Гьедин эхеде мохьалъ дир гьоко пуртIиялда ине байбихьун букIана. Гьедин Апандица, цоялда хадуб цояб гьабун, дир гъоркърукъазул нуцIа рагьана. Дица бицунелдаса дир хIакъалъулъ бицунелъул цIадиро бакIлъулеб букIана.

Доб мехалъ орденги цIарги цIакъ къанагIатаб ва гьелдалъун къиматаб букIана. Депутатилан аби гурони эл рихьизеги захIматаб букIана. Дидагоги гьеб рещц гудур батичIониян кколеб букIана, хьархъилъан къватIибе бачIараб чан чанахъанас чIвараб куцги ракIалде щун. Амма букIаниги, Дагъистаналъул



Верховный Советалъ ахIулев вугин, Тахтаровасул ругъел бачIараб мехалъ, дица тIорччол цIураб кверги михъида бахъун, бухъизабуна.

Верховный Советалъул кIалтIа бан букIана чIухIараб, кIудияб, битIун хIалтIунгутIи гуреб гIунгутIи гьечIеб, сагIат. Гьеб сагIтица цодагьав гуккун, дагьалъ кватIун дун цо магIарде вахунев гIадин, вахун унев вукIана Верховный Советалъул гъорлъан канлъи бихьулел гIадал болъабаздеги къулун. Болъудал лъабабилеб хIокIидаса ункъабилеб хIокIиде хIетIе босулаго, нахъасан цояв кIалъалев рагIана дида.
– Ле, киве вахъарав мун? – Гьаниве унев вуго.
– Гьаб Верховный Совет буго. – Лъала. – Щиб дуда лъалеб? Дун валагьана гьесухъ. Гьев вукIана тIипалодал лалда бараб оцалда релъарав милиционер.
– Киса? – ян гьикъана дица. – Дур иш гуро. – Дургун иш букIарабани, дун гьаниве вачIинароан. Бищунго дие рахIатаб мех дида бахIриги бахIриялда дунги вихьичIеб мех буго. Дун Верховный Советалде ахIун унев вуго. – Мун гIадинал чагIи унеб бакI гуро гьаб. ГьабсагIат дуде регIун гьечIо, халкъияв кочIохъан вачIине ккола. – Дун вуго гьев. – Щив?
– Халкъияв поэт. – Мун? – Дун. – Ле, пахьул къебед, дурго подвалалъуве вусса. Мун гIадинал чагIи гурин поэтал рукIунел. – Ле, кIудияв хIайван, – ан абуна дица. – Щибилия? – Мугъ хIулараб хIайван, варани, – ян гьесдеги абун, дун тIаде вахунев вукIана. Цевеги кIанцIун, гьес чIезавуна. Кумекалъе жиндаго релъарав цогиявги ахIун дун, Верховный Советалда гьалмагъир гьабунилан, Пушкинил къотIноб бутеб цо бецIаб рокъов жанив лъуна. – Гьале дуе Верховный Совет, – анги абун, гьел ана.

Гьедин, гIемерал бугъбуздаса бергьарав дун, дагьаб заманалъ тIехIаб бачица къезавуна. Гьеб цемент тIураб чIарбида дида ракIалдещвана дирго гIумру. Эффенди Капиевас дида гьарун букIана гIолохъанал поэтазул данделъиялда цIализе цо кечI гьабеян. Дица инкар гьабун букIана бажариларин. Амма гьеб «рокъоб» дихъе бачIана гьаб дица цIалараб кечI. Гьелдаго хадуб цун дица хъвана тIаде щолеб букIараб Октябралде кечI. Нахъисеб къоялъ, лъабабилеб кечI дица ургъулаго, дихъе вачIана цо лак мацI лъалев чи, дидаса сурав босизе. Дун щиван лъараб мехалъ, гьев кутакалда велъанхъана, кинабго МахIачхъалаялъ мун валагьулев вугин. Дун къватIиве виччана.

Лъабго къоялдасан нахъеги ахIана Верховный Советалде. Гьаб нухалъ милиционерас дун, генераласе гIадин, честги ккун виччана. Дица гьесде аскIовеги вачIун абуна: – Мун варанияли щай гурин, варанихIинчI вукIун вугин. Воржине ккани – варани, хIалтIизе ккани – хIинчI. БичIчIанищ? – БичIчIана,
– ян абуна гьес. Гьеле дир кечI бижараб куц...»

* * *

ХIурматиял редакторзаби! Дица тIехь хъвазе байбихьана Дагъистаналъул хIакъалъулъ. Амма нужеца цIараб заманалде дихъан гьеб хъван бахъунаро. ЦIакъ гIемерал сухъмахънухал руго дица сверизе кколел, Нужер гьитIинаб картIинисан дир гьалагаб айгъир билълъунеб гьечIо. Жеги замана къваригIун буго. Гьединго дихъан бажаричIо нужер ичIго-анцIго тIанчида жаниб тIолабго Дагъистан жемизе. Дир гьитIинаб къалмида кIвезе гьечIо кIудиял, гIедерал гIоралги лъаралги жанире рачине. ХIанчIида рекъараб букIуна би. Дида тIасалъугьа нуж!





# Бакъназул иш – дие гIагараб пиша!

**ГIуцIарухъанлъиялъулаб рахъалъул буго лъикIаб къимат кьезе мустахIикъаб. Бакъназде рокьи абуни гIемерисезе мисалияблъунги бакIина!**

Эмилия Робертовна Шихрагимова – ккола Дагъистаналъул опералъул ва балеталъул театралъул бетІерай хормейстер. Сценаялда гьей нилъеда йихьула гІолохъанай, гьайбатай ва творчествоялъе жанги жигарги кьолей. Гьединазул хІакъалъулъ абула галливудалъулазда релълъарайилан. Эмиля кидаго йикІуна, тІад рагІи абизе бакІ батуларедухъ берцинго, ретІа – къан къачІанги. Щайгурелъул репетициялда артистал киналго гьелъухъ ралагьун рукІуна ва рекъон кколеб къагІида гьелъги цІунизе ккола.



Тамахаб гьаркьидалъун ва гьабугьинан бицун гІенеккизе тІамула Эмиляца артистал. Гьениб щибав артистасул кІудияб цІарги шапакъаталги рукІунелъул. Гьединго хІалбихьиги гІурал гІадамал ккола киналго ва гьеб киналдаго рекъараб чІухІиги щивасулъ бугеб букІуна тІолабго коллектив.

Эмилял гьитІинаб къоялдаса анищлъун букІана артискалъун яхъине ва загьирлъана бакъназдe рокьиги. Гьелъ фортепианоялда бакънал рачун кечІ ахІулаан. Гьединго йикІана ишалде тІаделъизе гьира – шавкъ бугей ясги, цІалулаан щуйилаздаги.

Бакънал жиндир иш букІинги бичІчІун, Эмиляца 20І4 соналъ щуйилазда лъугІизабуна МахІачхъалаялъул музыкалияб училище ва хадубги 20І9 соналъ Саратовалъул, Л. В. Собиновасул цІаралда бугеб, консерваторияги.

Хоралъул бакъназул Театралъул коллективалда цадахъ Эмиляца гІахьаллъи гьабуна гІемерал тІолгороссиялъулал ва халкъазда гьоркьосел фестивалазда. Гьединго, консерваториялда цІалулеб мехалда, цадахъго гьей хІалтІана Саратовалъул Свято – Покровскиялъул «Актина» абураб, лъималазулгун – гІолилазул хоралъул нухмалъулейлъунги.

20І9 соналдаса нахъе Эмиля Робертовналъ нухмалъи гьабулеб буго М. Кажлаевасул цІаралда бугеб, искусствоялъул республикаялъулаб школалъул хоралъе. Гьебго заманалда байбихьана Эмиляца опералъулгун балеталъул Театралъул хоралдаги гІахьаллъизе ва моцІидасан гьелъие кьуна Виктор Плешакил мюзиклалда Вирджиниил роль.

- Гьеб букІана ракІалдаго гьечІеб битІккей. Дица церехун спектаклязда ролалги хІан рукІинчІо. Гьединлъидал гьираги хІинкъиги кІиябго букІана цадахъ. Гьеб дица квешги хІачІо ва дунги дидасаго разилъана. Нижгун гьений хІалтІилей йикІана Москваялдаса режиссер Наталия Горшкова. Хадубги букІана Константин Листовасул «Севастополалъул вальс» оперaлда Зиночкал ролги. Гьеб роль хІалаго дида гІемераб захІмалъиги бихьана. Бажаризе гьечІиланги кколеб букІана чанги. Цо талихІалъ бажарана ва спектаклялъе лъикІаб къиматги щвана. Гьеб букІана нижер театралъул постановкабазда гьоркьоб бищунго лъикІазул цояб, - ян абуна Эмиляца.

2020 соналъ Эмиля заочно цІализе лъугьана Л. В. Собиновасул цІаралда бугеб Саратовалъул Пачалихъалъулаб Консерваториялъул аспирантуралде. Байбихьана гьей ахІизе хормейстералъул ишазде ва 202І соналъул маялда тана бетІерай хормейстерлъун.

Эмилия йиго хабар – калам гьуинай, жиндихъ гІенеккизе бокьулей гІадан. Гьелъ хІаракат бахъуларо жийго лъикІ йихьызайизе, бицуна ишалъул, лъикІал хІалтІабазул, ругел захІмалъабазул.

Барщараб цІолбол гаралгІадинал гьелъул чІегІерал беразулъ бихьула цо гвангъи, гьурщарал гьалазул буго гьайбатлъи ва тамахаб гьаракьалъулги буго хІайранлъи. Гьединал тІокІлъабаз ва тІаде ракІ цІалеб хасият – гІамалалъ кумек гьабула Эмилае гІадамазулгун гІаммаб мацІ батизе гьезул ракІ батизе. Гьелъул пишацоял вокалистаз абулеб буго Эмиля божилъи гьабизе бегьулей ва кумекалъе хІадурай гІадан йигилан.

- Нижехъ хІалтІулел руго киналго гІуцІунги рахъарал жидер цІарги машгьурал гІадамал. Гьанив щибав музыкант ккола жиндирго балагьиги къагІидаги, хаслъиги гьунар – цІарги бугев чи. Гьединго гьел руго батІи – батІияб ригьалъул гІадамалги. Камуларо рагІи дандеккунгутІиги ва кинабго рахъ рекъон ккезабизеги захІмалъула. Амма гьенибги кумекалъе батула бакъан. Хор буго гІадлуялдаса байбихьулеб жо. Хоралъ кечІ ахІулел гІадамал рукІуна хасаб къавм. Гьезда лъала щиб жо ансамбляги, гьениб цоцае букІине кколеб кумекги, - ян абуна Эмиляца. Опералъул хормейстерасул аслияб мурадлъун букІуна артистазул гьаракь рекъезаби, гьезие сценаялда санагІалъи букІинаби.

Опералъул театралда хІалтІиялъ дие кІудияб кумек кколеб буго профессионалияб рахъалъ цеетІеялъе. Дида лъала оперaлда хІалтІарал дирижеразда иш лъикІ бажарулеблъи. Щайгурелъул опера буго тІадегІанаб музыкалияб бажари къваригІунеб бакІ.

Гьединго Эмилияда лъикІ бичІчІулеб бугоан хоралъул артистазул захІматги. Гьенир гІемерал рукІунила лъикІал постановкал – спектаклялги, рес бугила артист батІи – батІиял рахъалдаса рагьизеги.

Гъединлъидал бокьараб цогидаб музыкалияб коллективалдаго гІадин хоралъе нухмалъи гьабулесухъаги бажаризе кколила кечI ахIизеги бакънал рачинеги ва гьев вукIине кколила лъайги бичIчIиги бугевлъунги.

Жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ Эмиляца щибго бицинчIо, цохIо бакъназдехун бугеб хIасрат загьир гьабун тана.

- КъватIисел улкабазул, гIурусазул ва дагъистаниязул академическиял бакъназул гIемерал руго машгьурал композиторал, гьезул щивалиго ватIа вахъизеги кIвеларо. Амма руго дие гIагарал авторалги. Гьел ккола композиторал – романтикал: Шуберт, Шопен, Брамс, гIурусазул – Чайковский, Рахманинов, Танеев, Шнитке, Сидоров, дагъистаниял – Кажлаев, ХIасанов, Керимов, Агабабов, Дагиров, - абун рикIкIана гьелъ аслиял.

Дагъфилармониялда жиндирго театралде Эмилия гьадинго цогидазухъ гIенеккизе ва ялагьизеги хьвадула, рокьула джазалъул ва эстрадалъулал концертал, гIемер уна гIурусазал драмтеатралдеги.

- Дие рокьана «Чайка», «Тартюф», «Ричард Ш» спектаклял, дагьалъ цее ун йикIана лаказул театралъ лъураб «Ахираб багьа» абураб спектаклялъухъ балагьизе ва рекIее гIуна гьеб.

- Гьанже дагьал гьечIо театралде хьвадиялъул мурад гьечIин, хасго операгун - балета къваригIарал жал гурилан абулел. ГIемеразда ракIалде кколеб буго гьеб кинабго телевизоралдаса ва Интерненталда бихьараб гIолилан. Амма театралде унарезда рихьизе рес гьечIо дунялалъул бищунго лъикIал театразул спектаклял.

Эмиляца лъикIаблъун бихьизабулеб буго театразул репертуар гIатIилъизаби, нилъер заманалде данде кколел лъикIал спектаклял лъезе ва бакънал классическиял хIалтIизаризе.

- Дида ракIалде ккола нижеца лъолеб щибаб опера батилин бищунго лъикIабилан! Щайгурелъул дида цониги лъаларо хIалтIизабураб, квешаб бакъан. ЛъикIаздаса лъикIал ралагьула гьелги. Дие кIудияб рохеллъун букIуна гьел бакъналгун хIалтIизе щвей, - абун хIасилги гьабуна Эмиля Шихрагимовалъ.

Гьунар бугей хормейстералъул хIакъалъулъ гIемераб бицине бегьула хоралда, гьелъул бугеб вокалияб, актералъулаб, педагогиялъул ва гIуцIарухъанлъиялъул бажариялда хурхун. Амма гьелъ рачунел бакъназул хIакъалъулъ бицине къалмил бажари гIоларо. Гьезухъ гIенеккизе ккола.

***Бокьун буго Эмиляе гьаризе хадурккунги творчествоялъулал церетIеял, лъикIал проектал, спектаклял, концертал ва лъикIал ролал хIазе щвей.***

***Баркала, Эмиля, дуца гIенеккизе рес кьурал бакъназухъ!***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



Рокъобе нух киданиги халалъулароан дие. Жакъа абуни, хасалил хинаб къо букIаниги, дагьабго ракI свакана. Таксист вукIана калам дагьав чи, нух тана сихIкъотIиялда. Кин бугониги щвана табасараназул ракьалде. Ихдалги хасалихьеги гьаниб тIабигIат берцинаб букIуна, амма гьанже гьеб ракI гьоледухъ батичIо: тIанхалги гъун гьутIбиги ратана, нухаздаги гIемерал пашманал лъугьа-бахъинал ругоан, рагъулаб операциялда хурхун лъугьарал. Гьелъ дун кутакалда къварид гьаюна…

Марага росулъе щолелъул таксистас «фатихIа» цIалана ва дида бичIчIана хирияб гьотIохъе щвараллъи. ГIажаиблъи щиб, щай дида гьеб бакI рикIкIадасанго лъачIеб? Жеги микьго соналъ цебе пишацояй ПатIимат Вагьабовалъгун цадахъ нижеца тIад квербацIал рухьараб ва нижер гIагарлъиялъеги цадахъ хIалтIулезеги лъикIлъи гьарун дугIа гьабун букIараб бакIлъидал. Жибго гьветI доба гьанже гьечIониги гьедин гьабулаан киназго ва кидаго.

- **ГьветI кибеха араб? – абун гьикъана дица таксистасда, гьес дугIа цIалун бахьиндал.**

- Магжилаз бухIана, - ян абуна гьес, хIалица рагIиледухъ…

Къалъулеб мехалда щвана ниж Хучниялде. Гьениб буго машгьураб, районалъулаб гимназия. Гимназиялъул директор Элина Атлухановна ШихмухIамадова нижехъ ялагьун гьитIинаб кабинеталда жаний ятана. Йихьизе гьайбатай, хабар гьуинай, иш лъалей, гIакълу бугей гьей гIадан ячIинахъего дир ракIалъ йосана ва дандчIвайги лъикI ана.

Хабар букIана рагьараб. Гьелъие щибниги батIалъи букIинчIо кинал суалал дица кьуниги, жавабги кьолеб букIана битIахъе ракIалда бугеб куцалда.

- **Элина Атлухановна, дида рагIана мун гьаб лъайкьеялъул централъул директорлъун Табасаран районалъул бетIер НурмухIамад Джалилович ШихмухIамадовасул лъадилъун йигеб заманалда ккanилан. Доб букIана захIматаб заман, гIицIго**

# ЦОГИ ТАЛИХІАБ ДАНДЧІВАЙ

**нужер хъизаналъе гуребги тIолабго халкъалъеги, республикаялъеги, улкаялъеги. Кин букIаниги духъан бажарун буго гьаниб хIалтIи гIуцIизе ва гимназия районалъул лъайкьеялъул учреждениязда гьоркьоб лъикIаздаса лъикIаблъун ккезабизе. Гьенив кумекалъе рос ватанищ дуда яги гьеб дурго бажарийищ?**

- I989 соналъул маялда Хучниялда, «Табасаран» абураб халичаби гьарулеб комбинаталда цебе рагьана ясли – ах. I993 соналъ гьеб кьуна районалъул лъайкьеялъул отделалде ва гьелда «Ясли – школа» абураб цIарги лъуна. ЛъагIалидаса цIидасанги гьелъул гьабуна ясли – ах ва 200I соналъ дунги тана гьелъие нухмалъи гьабизе. ТIолабго коллективалъул кумекалдалъун дида гьелъул хIалтIи цебетIезабизе бажарана ва 2006 соналъ рагьана гимназия. Гьай – гьай щиб букIаниги иш цебетIезабиялъе тIалъиялъул рахъалдаса кумекги гьечIого гIоларо. Абиларо НурмухIамад Джалиловичасул кумек гьениб ккечIиланги, гIемерал суалал тIуразаруна гьесул квербакъиялдалъунги. Амма гIаммаб къагIидаялда хIалтIи гIуцIи букIана нижер коллективалъул бажариялдаги гьункиялдаги бараб иш. Дида цадахъ хIалтIулел гIадамал киналго руго лъикIал. Гьенир бищунго лъикIал мугIалимзабилъунги ккана дирго рукIарал цIалдохъаби ва дунги хIинкъуларо лъалареб гьикъизеги къваригIараб гьаризеги. ГIумруялъ дунгоги цIалулей йиго. Гьелдаса кутакаб педагогикаги лъаларо.

Дица лъугIизабуна Краснодаралъул академиялъул экономияб факультет ва хадуб бихьана педагогикияб лъай гьечIого тIуязехъин гьечIеблъи ва лъугьана ДГПУялъул педагогикаялъул ва психологиялъул факультеталде. Гьединго дун гIемерай хьвадана районалъулги шагьаралъулги ясли – ахазда хIалтIи гIуцIун бугеб куц бихьизе. Гьездаса босана мисал, лъазабуна методика, лъай – хьвай гьабуна батIи – батIиял учрежденияздаса заведующиязулгун, тарбиячагIазулгун, хьвадана гьезул хIалбихьи лъазабизе. Къокъ гьабун бицани кинабго лъазабуна, киналъего цIалана. Ва гьедин хIалтIиги лъикI ана.

Гьанжесеб Лъайкьеялъул Центр «Юлдаш» ккола нилъер заманалъулаб ва гIемерал рахъазул цIалул комплекс. Щуго соналъ тIатIала нижер учреждениялъ Табасаран районалъул гIаммаб лъайкьеялъул учреждениязда гьоркьоб цебесеб бакI ккуна. Гьедин нижеца нахъа тана байбихьиялъулаб захIматаб нух. 20I2 соналде щвезегIан гимназиялъе лъайкьеялъулаб центр абураб цIар щун букIинчIо. Жакъа «Юлдаш» Цетралда цIалула районалъул I7 росулъа лъимал. Гьаниб буго 23 класс ва 385 цIалдохъан. 270 лъимер буго нижер ясли – ахикьги. Нижер цIалдохъабаз бергьенлъиялда кьола ЕГЭ ва цIализе лъугьуна Москва, Санкт – Петербург, Иваново, Саратов, Новосибирск ва цогидалги централиял шагьаразул тIадегIанал заведениязде. Нижер школа лъугIарал 45 гIолилал цIалулел руго улкаялъул медицинаялъулал вузазда, гьезда гьоркьор руго, ахираб щуго соналда жиниб меседил медалалда гимназия лъугIизабурал 29 гIолилал, щугоял ккола районалъул бетIерасул стипендиатал ва I5 районалъул бетIерасул грантал щваралги.

Нижеца хасго кIвар буссинабула бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялде. Педколлективалъул хIаракаталдалъун, батIи – батIиял соназда цIалун арал гIолилалги гIахьал гьарун, райцентралда лъуна КIудияб ВатIанияб рагьда камурал ракIалде щвезариялъул Монумент.

Россиялъул Югалъул лъималазул ва гIолилазул патриотическияб форумалда гIахьаллъун «Юлдаш» Централъул юнармейцал ШихмухIамадов Джалилиеги ХIажиев Маратиеги щвана меседил ва гIарцул медалал. Гьел ахIун руго Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабиялда гIахьаллъизе Москваялдеги. «Юлдаш» Централда хIадур гьаруна муниципалияб, регионалияб, федералияб, халкъазда гьоркьосеб гIелмиялгун – хIалбихьиялъулал конференциязда гIахьаллъиялъе нусгоялдаса цIикIкIун цIалдохъан. Гьединлъидал гьанже нижер Центр рикIкIуна пагьму – гьунар бугел цIалдохъабазулгун хIалтIи гьабиялъул хIалбихьиялъулаб бакIлъунги. ГIемеразда рагIун ратила «Летово», «Сириус» абурал жал. Нижерги мурад буго гьединаллъун рукIине.



- **Кинха гьединаб цебетIей лъугьинабизе кIвараб?**

- Централъул педагогазда лъала хIалтIуе шартIал гIуцIиялда цадахъго гьездаса лъикI пайда босизеги бажари къваригIунеблъи. Лъайкьеялъул учреждениязда цIалдохъабазул дунялалдехун ва гIумруялдехун битIараб балагьи бижизабизе хIаракат бахъизеги ккола. Гьединаб мурадалда нижеца гимназиялда рагьана «Созвездие» абураб гIелмияб цолъи. Кинабго гьеб хIалтIиги байбихьана педагогазул профессионалияб рахъ борхизабиялдасан. Гьанже нижер гимназиялда хIалтIулел руго районалъул бищунго лъикIал мугIалимал.

- **Нижер журнал цIалулезе бокьула Дагъистаналъул руччабазул хIакъалъулъ рагIизе ва лъазе. Дурго къисматалъул хIакъалъулъ щиб абилеб?**

- Дун къисматалдаса разияй йиго, гьелъ дие гIумру цадахъ гьабизе унго-унгояв чи кьеялъухъ. Дун гьаюна Табасаран районалъул Сиртыч росулъ, хадуб нижер хъизан гочун букIана Дербенталде. Гьенир ниж эбел – инсуца дандеги гьаруна. Доб гьесул гIумруялда жаниб цIакъго захIматаб заманги букIун батила. Дида рагIулеб букIана гьесул хIакъалъулъ бицунебги ва лъикI бичIчIулаан политикасул гIумруялда рекIкIги хIалихьалъиги дандчIвалеблъи. Гьединлъидал гьезие цо рахъалде балагьун къимат кьезе бегьуларо.

РакIалда буго, гьев вачIана нижехье, дун дирго рокъой жаний йикIана ва цере лъун столалда лекция хъварал тетрадалги рукIана. Гьес салам кьуна, жаниве лъугьана, тетрадги кодобе босун дир бугищан гьебилан гьикъана ва абуна хатI цIакъго берцинаб бихьулилан…

Дир рос вуго гIакъилав, къуватав, гъваридаб лъаялъул чи. 26 сон цадахъ бана ва дир цониги нухалда ракIги бухIичIо гьесие унилан. Нижеда гIемераб бихьана чIегIерабги хъахIабги, чанги захIмалъиги хIехьана. Гьесул цебесеб ригьнадаса лъималазги дун къабул гьаюна. Диеги, чIужугIадан хIисабалда, гьелъул кIудияб кIвар букIана. Щайгурелъул хъизан – ккола нилъер хъала, цIунараб щулалъи. Гьениб кинабго букIине ккола рекъон. Нижер вас Сандро гIумру гьабун Москваялда вуго, яс Марта йиго МахIачхъалаялда. КIиабилей яс Эльвираца лъугIизабуна медакадемия, гьей ригьнада йиго. КIиабилев вас Джалил цIалулев вуго Москваялда, гьитIинав вас Асадулла ккола анкьабилеб классалъул цIалдохъан. Гьединаб буго нижер хъизанги, гIумруги гьабула табасараназул гIадатазда рекъон.

Хабар гьоркьоб къотIизабуна нуцIида кIутIиялъ. Жанире рачIана кIиго гIолохъанчи. Саламги кьун гьез абуна жал рачIун ругила жидер мугIалимзаби рихьизе. Гьелги ратана Санкт – Петербургалда рагъулаб институталда цIалулев Мусаев ХIасбулатги, гьединабго рагъулаб институталда Новороссийскалда цIалулев Ханалиев Казбекги…

ЛъикIаб асар ракIалъеги лъугьун ана дун Хучниялдаса нахъе. Гьединал мугIалимзабиги коллективалги ругеб мехалда тIаде гIолеб гIел лъайги лъикIаб, тарбияги щвараб букIиналда щаклъизе бакIги хутIичIо

**Ахир**

ДандчIваялъул ахиралда дица Элина ШихмухIамадовалда гьарана, табасараназул литератураялъе кьучI лъурав шагIир ва рагъухъан Къалухъа Мирзае Хучни росулъ памятник гьабуралъухъ НурмухIамад Джалиловичасе баркала кьеян. Гьев Къалухъа Мирза вуго Надир – Шагьасде данде дагъистанияз рагъ гьабулеб букIараб заманалда табасараназул бодулазе цевехъанлъи гьабурав бахIарчи. Гьединлъидал памятникалъул къимат къойидаса къойиде цIикIкIинеги буго. ЛъикIал ишал халкъалда кидаго кIочонаро.

**Сувайнат ИСРАФИЛОВА**





## РекIехъе лъазабизе ва ахIизе

Расул ХIамзатов

# *Къункъраби*

Дида ккола, рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

Гьел ихаз, хаселаз, халатал саназ
Нилъее салам кьун роржунел руго.
Гьелъин нилъ пашманго, бутIрулги рорхун,
Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда.

Боржун унеб буго къункърабазул тIел,
Къукъа буго чIварал гьудулзабазул.
Гьезул тIелалда гъоркь цо гьитIинаб бакI –
Гьеб дун вачIинегIан тарабцин гурищ?

Къо щвела борхатаб хъахIилаб зодихъ
ХъахIаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъун ракьалда тарал
Киналго нуж, вацал, дица ахIила



# Дие Расул щив кколев?

**Хъвадарухъабазда гьоркьоб бицуна, рокьул хIакъалъулъ хъвазе бищунго захIматаб бугилан. Гьеб битIарабги буго. Рокьул хIакъалъулъ хъварал тIахьаз бацун буго тIубараб нилъер ракьго. Гьелда тIадеги цойгиги щибилан абизе гIоло рокьул хъвазе чи лъугьинев. Лъугьиневни бегьила… КIолебищ?**

Амма, рокьул хъвазе бигьаяб буго Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ хъвазеялдаса. Гьесда абичIеб рагIи хутIичIо, гьесул хIакъалъулъ хъвачIеб макъала хутIун батиларо, гьесул хIакъалъулъ кечI хъвачIев поэт ватиларо, гьесул хIакъалъулъ тIехь бахъичIев гIалимчи ватиларо. Цойгиги щибилан абизе дица къалам кодобе босун бугеб?

Дида цебе лъун буго *«Дие Расул щив чи кколев?»* – илан абулеб чанкIкIараб суал.

ТIоцебе гьеб суалалъе жаваб кьезе лъугьаравго, дида цIакъго бигьаго гьеб гьабизе кIвелебилан ккана, дагь–дагькkун ургъанагIан, гьеб батана тIехьалъе гIураб хабар. Дида цебегоялдаса нахъе ракIалда букIана нилъер литератураялъул хIакъалъулъ тIехь хъвазе, Бичас биччани, дица гьеб гьабизеги гьабила. Гьеб тIехьалда Расул ХIамзатовасги ккола кIудияб бакI. Амма, гьабсагIаталда дун тIехь хъвалевги гурелъул вугев, дица пикру гьабуна, гьеб хъвазехъин бугеб тIехьги къанцIцIун, гьениса бортун бачIараб цо–кIиго къатIра нужехъе рехизе.

Дида цебе лъураб суалалъе жаваб кьелалде цебе, цин жаваб кьезе ккола гьадинаб суалалъе: *«ЦохIо дие гуревги, батIиязе Расул щив кколев?»* Гьеб суалалъе мухIканаб жаваб буго: «*БатIиязе Расул ХIамзатов вуго кIудияб гьунаралъул дунялалдаго цIар рагIарав поэт, нилъер Дагъистаналъулго цIар тIибитIизавурав чи*».

Амма, рачIаха, цогIаги нухалъ дица абурабги гьабун, нилъедаго цебе чIванкъотIараб, бихьинмахIаб суал лъезе: *«Вугевищха Расул ХIамзатов гьединав кутакав поэт? Сундулъ гьесул кутакльи бугеб? Щиб, Расул ХIамзатовас гурони*

*хъвачIебищ кечIго? ГьитIинаб къоялдаса нахъе нилъеда рагIулевги вукIун, нилъ ругьунлъунги рукIун, вугинха гьев кутакав чийилан гурого, лъица букIине кколеб къагIидаялъ щиб гьабулев чи гьевали хал гьабураб?»*

Гьединан дун лъугьани бищунго цебе дида абизе буго: *«Дур бетIер сверун буго. Дунялалдаго цIар кин рагIулеб загIипав поэтасул? Дунялалдаго цIар рагIарав чи вуго гьев, бичIчIа дуда!»* БичIчIана дида. Амма дир суалги бичIчIаха: *«Аб щай Расулил рагIизе кколеб дунялалдаго цIар?» «Щайгурого – илан абизехъин буго дида – гьесул батIияздаса кIудияб гьунар букIун.» «Эб щиб жо эб гьунар?»*

Гьунар щиб жойилан цебе суал лъурабго гьеб дагIба лъугIула. Гьунар щиб жояли лъалев чи дунялалда вижичIо. Амма, гьединаб дагIба гуребги, нилъеда дагьабищ годекIабахъги, корохъги, кверкьовудаги, лъабгоялдаса цIикIкIун чи вакIарараб бакIалдаги МахIмудилги, ХIамзатилги кечIго лъикIин, Расулица хъвалеб жо кечIищин, Расулица хъвачIони лъалареб жойищин Дингир–Дангачу букIараб – илан бицунеб хабар рагIараб. Гьелда тIадеги жубала, гIурус мацIалде руссинарун рукIинчIелани гьесул кучIдул, цохIо щибниги кколароанин Расулилилан.  Жегиги руго гьел харбал ва чан гIел магIарулазул Дагъистаналда гIезе батаниги гьезулги рукIине руго. Дида гьабсагIаталда ругел нилъер хъвадарухъабиги поэталги лъала Расулил кучIдул ричIчIуларел. Амма кигIан цIакъ хабар бицаниги щиб, Расулил цIарги буго, къватIире рачIунел тIахьалги руго, ахIулел гьесул кучIдулги руго.

Щай? Щай Расул ХIамзатов кутакав вугев? Дагьа–макъабниги ботIролъ жоги бугев, жиндицаго бицунеб жоги бичIчIулев чияс абила: *«Щайгурого, Расулица хъварал кучIдул лъикIал руго батIиязулалдаса»* – ян. Гьеб пикру буго киналниги критиказулги бугеб, киналниги журналистазулги бугеб, нилъер щивасул рекIелъги бессараб. РачIаха хIал бихьизе батIиязулалдаса лъикIаб бугебищ Расул ХIамзатовасул кечIали. ГьабсагIат дица, гьанир гъоркьехун, данде кквеялъе рачина батIи–батIиял поэтазул кIи–кIи куплет, рокьул хIакъалъулъ хъварал кучIдузулъа нахъеги росун. Гьаб макъала цIалулев чияс, гIодовги чIун, ракIбацIцIадго, жиндиего хIисаб гьабе кинал мухъал киназдаса лъикIал ругелали.

I.

Дур чIегIер беразул лъим гьекъечIони,
Гьекъарабщинаб лъим дий хIарамлъаги.
ХIасратаб каранда  цо квер лъечIони,
Кварабщинаб нигIмат дий загърулъаги.

Дие йокьарай мун кьуризе тани
Теларо михъида цо рас бижизе.
Бералъ йосарай мун йосичIонани
БетIералда тIогърол тIокIаб иш гьечIо.

2.

Дунги, гьал бакъназул бакI лъачIебани,
Рукъзал рукIаниги чIваднисa вуго.
ЧIурканал мусудухъ инагьдичIони,
Улбул ругониги, бесдалав вуго.

Дица кечI ахIана, чагъана хъвана,
Чагъир гьекъонин дий хIакъ букIинаро.
Дида рокьи лъана, лъаларин ккарал
Лъималахъ балагье нусго улкадул.

3.

Дун дуй йокьейилан гIарзаги кьечIин,
ГIазаб щайзе дида чIамизабулеб?
Дихъ валагьейилан гьариги бачIин,
Гьабулеб щай дуца дие гьадин рекIкI?

Ханжар жаниб лъечIеб лъелги кодоб ккун,
Дун асир гьаюрав мунищ гIайибав,
СиратI бахун щвезе гьунар гьечIев дуй
Рокьул Алжан барай дунищ гIайибай?

ХIакъикъаталдаги цониги загIипаб мухъ гьечIо тIадехун рехсарал куплетазулъ. Дагьа–макъабниги магIарул литератураги бокьулев, гьебги бичIчIулев чиясда лъан батула кIиабилеб кечI Расул ХIамзатовасул букIин. Амма Расулил кочIодаса къураб жо щибниги гьечIо тIоцебесеб кочIолъги, лъабабилеб кочIолъги. Гьеб кIиябго ккола Залпа МухIамадрасуловалъул. Щайха нилъеца Залпа рикIкIунарей бищунго кутакай поэтессалъун? Дида ракIчIун лъала, гьаб макъала цIалулаго, Залпал кучIдул цIалулаго чанги чияс пикру гьабун батула, МахIмудил кучIдулцин гурелдайха гьав васас гьанир рачунел ругел нилъер берал рухьизеян.

«МахIмудилцин гуродай» – ян пикру бижанищ кинав вугониги поэтас гьабураб асар цIалараб мехалда, лъугIана гьев поэтасул иш. КигIан гIасияв шагIир МахIмуд вугониги, кигIан кутакал асарал нилъер умумузул ругониги, гьезулалда релъанищ дур асар – мун вукIунаро. ВукIуна МахIмуд, ХIамзат, ГIалигIумар ва гь.ц. – мун поэт гуро. Гьеле гьеб унтиялъ гъурулел руго нилъер поэталги, хъвадарухъабиги, гьеб буго бичIчIизе кIолареб, кIваниги гьабизеги захIматаб жо.

Расул ХIамзатовасда гьеб бичIчIана кIикъого–кIикъоялда анцIго соналъ цебего. Расулица кIикъоялда анцIго соналъ цебе магIарулазул литератураялъе гьабураб жо жегиги бичIчIулеб

гьечIо, жегиги анцI–анцI соназ бичIчIизеги гьечIо. Гьеб букIана революция. Кинабго хисизабуна. Гьаб тIехь гуреб, тIехьалдаса тIинкIарал къатIраби рукIинчIелани дица дагьабги шавкъалда бицинаан Расулица гьабураб хIалтIул, амма бегьулеб гьечIоха. БегьичIогонилан бичIчIизабичIого дица теларо.

Хошгелди, рекIел дарман,
Дие гIагараб ВатIан,
Дир гIумру жаниб араб,
Аваданаб Дагъистан.

Дур эркенлъи баркизе
Изну гьарулеб буго,
Узданаб гIумруялъул
ГIолохъанаб Дагъистан.

Гьал ккола ЦIадаса ХIамзатил рагIаби. Расулица хъвадаризе байбихьулеб мехалда ЦIадаса ХIамзат вукIана литератураялъулъ гьабсагIаталда Расул ХIамзатов вугеб бакIалда. Дида божулел гьечIони, доб заманаялъ рахъулел рукIарал журналазухъги, газетазухъги ралагье. Доб заманаялъ рукIарал поэтаз кIвараб жигар бахъулеб букIана ЦIадаса ХIамзатил гIадаб пасихIлъи букIине, гьес гIадин, гIочIода хинкI гIадин, аллетрация рекъезабизе, гьес гIадин махщалида кечI гIуцIцIизе.  Лъида лъалареб ЦIадаса ХIамзатил кочIол чвахи, лъие бокьилареб гьес гIадин хъвазе? Гьанже хал гьабе, гьединан ЦIадаса ХIамзатида хадур гъезе къваригIун цойгидал рукIаго, ваккун вачIун цо гIолохъанчияс кочIое гьабулеб бугеб жо (дица ургъунго тема цого босулеб буго):

Гуро, гьитIинаб гьечIо,
Гьудулзаби, Дагъистан.
Гьелъул борхалъиялде
Ваха гьедин абулев.

Ахал тIогьода руго,
ТIогьал гIаздада руго,
ГIатIидаб Каспиялда
Гуми лъедолел руго.

Расул ХIамзатовасул гьаб кочIолъ руго магIарул мацIалъ хъварал рагIаби, ЦIадаса ХIамзатилго гIадин, гьанир руго рукIине кколел анкь–анкь слогалдалъун гIуцIарал мухъал, ЦIадаса ХIамзатилго гIадин, гьаниб букIине кколеб къагIидаялъ рекъезабун буго доб аллетрацияйищ добали, гьадаб жоги – кечI тIубан батIияб буго. ЦIадаса ХIамзатилги Расулилги кечI аскIоб лъураб мехалда дида ккола цояс Марсалда ругел чагIазул мацIалда хъвалеб бугин, цогидас Венераялда ругел чагIазул мацIалда хъвалеб бугин. Кинанахун борцаниги, «законалда» рекъон, ЦIадаса ХIамзатилги Расулилги кечI цо буго, темаги цо буго, гIуцIиги цо буго, кинабгоги цо буго – амма кечI батIияб буго. Кинан гьеб гьединан лъугьунебали жиндаго Расулидацин лъаларо. Гьеб лъала цохIо Аллагьасда. Гьединан лъугьинабизе кIвеялда абула гьунариланги.

Гьединго батIияб кечI буго живго ЦIадаса ХIамзатил кечIги, ЧIанкIа–МахIмудил кечIалде данде ккун. ЧIанкIа–МахIмудил заманалда киналго рукIана цого рахънисан инел, ваккун вачIана тIубан батIи–батIиял жал хъвазе ЦIадаса ХIамзат. ЦIадаса ХIамзатилъе рахъине къеркьелел рукIана киналго, ваккун вачIана цойгиги «хулиган» ва тIубан батIияб нухдасан ана.

ЧIанкIа–МахIмудидаги, ЦIадаса ХIамзатидаги, Расул ХIамзатовасдаги гьоркьоб бугеб гIадаб кIудияб батIалъи бугебищ гьабсагIат ругел нилъер поэтазул асаразда гьоркьоб? ГьечIо. ГьечIеб мехалда, чIванкъотIун абизе ккола, гьунарги гьечIоха – ян. КечI хъвазе кколеб куцалъ кечI хъвалев чи гуро поэт, поэтас кечI хъвазе ккола, гьале гьаб жиндиего бокьухъин, бихьинчияс гIадин.

Дица гьаниб гIага–шагарго бичIчIизабуна «дие щив кколев Расулали». Расул кколин дие бищунго кIвар бугеб, гьабсагIат дица бицараб дарс дие кьурав чи. Гьес малъана дида дурго нух гьечIони дур жо кколарилан.

Гьес дие кьураб цойгиги лъабго дарсги буго. Амма гьеб лъабалъулгоги бицине дун лъугьани, макъалаги дагьабги чIамучIлъила, Бичас биччани, хъвазехьин бугеб тIехьалъе жоги хутIизехьин гьечIо.

Гьеб суалалъе жаваб кье гуребги, гьаб макъалаялъул буго цойгиги мурад. Гьадаб суал дида цебе лъечIого, щибав поэтасдаги, хъвадарухъанасдаги цебе лъунани, нилъер гIолохъанал поэтазе ва хъвадарухъабазе кIудияб кумек кьолел макъалаби гIемерлъилаан. ГьабсагIаталда кечI хъваларев чи гьечIо, гьеб цо рахъалъ лъикIги буго. Амма, литература кибе унеб бугебалиги лъаларого, лъица щиб гьабулеб бугебалиги бихьуларого, цохIо жиндирго тетрадалдаса кучIдулги цIалун рачIунел гIолохъабиги ругелъулха. Расул я веццизе, я какизе кколаро. Нилъее гIадин, бокьараб халкъалъул хъвадарухъабазе щоларо Расул гIадаб кIудияб гьунар  жаниреги раккун гелгедизабизе, щиб кинали лъазабизе.

Дица малъулеб жо гьедигIан квешаб жо гуроанха… Нуж кIудиял руго, нужеда лъала…

**ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ**

*1989*



# Журнал в журнале

Фото взято из интернета



# Рашид РАШИДОВ

**В этом году исполняется 95 лет со дня рождения известного даргинского поэта, переводчика, драматурга, народного поэта Дагестана Рашида Рашидова, лауреата Республиканской (ДАССР) премии им. С. Стальского 1970 года в области детской и юношеской литературы (за книгу «Соседи смеются»), лауреата общественной литературной премии им. О. Батырая (1972). Ему присужден почетный диплом Международной премии Ганса Христиана Андерсена за книгу «Хороший день» (1980).**

**Родился Рашид Рашидов 1 мая 1928 года в небольшом селении Ванаши-махи Сергокалинского района Дагестанской АССР. Трудовую деятельность начал с работы в родном колхозе. Затем окончил педучилище, пединститут и Высшие литературные курсы при литературном институте в Москве.**

**Более всего Р. Рашидов прославился как детский поэт. Его книги детских стихов, переведенные на языки мира, выходили огромными тиражами. Несколько поколений детей выросли на таких его книгах, как «Дети такие мне нравятся очень», «Хороший день», «У каждого есть друг», «Разбудить я хочу эхо», «Песня горского мальчика»…**

**Прославился Рашид Рашидов и как детский драматург. Его пьесы-сказки – «однорогий тур», «Житель Соколиной горы», «Ворона и чабан», «Снежный барс» с удовольствием смотрели юные зрители в дагестанских театрах.**

## ОТМЕТКИ

Ибрагим у нас бедовый,
Ибрагим у нас герой.
Каждый день с отметкой новой
Возвращается домой.
Единицу он несёт,
Словно кол для плетня.
Сам, как кол, у ворот
Встанет, голову склоня.
Как бычок на поводке,
Двойка хмурит брови,
Злая сорная трава,
Смотрит исподлобья.
Ну а тройка – та легка,
Вьётся, как дорога.
И на сердце паренька
Полегче немного.
А четвёрка – спору нет,
Лучше не бывает.
Ибрагим ест обед,
Песни распевает.
А когда получит пять,
Ибрагима не узнать.
Тут я, к сожаленью,
Не найду сравненья.

## РОДИНА ОРЛОВ

В горах уже клубилась мгла.
Сидели рядом два орла.
– Скажи мне, где ты нынче был?
– Спросил один. – И что добыл?



Орёл орлу взглянул в глаза,
Орёл орлу в ответ сказал:
– Я утром возле моря был
И рыбу вкусную добыл.
– А что ты на море видал?
– Я видел бесконечный вал.
Он пену белую волок
На ровный берег, на песок…
На синюю морскую гладь
Я не сумел ни сесть, ни встать.
Туда бы хоть одну скалу!
– Ты прав, – сказал орёл орлу.

## СОЛНЕЧНЫЙ УРОЖАЙ

Луч в окне, на грядке, в луже…
Ох, лучи и горячи!
Тыква, чем других ты хуже –
Собирай давай лучи!
И айве отстать не гоже:
Ты совсем ещё бела.
А денёк такой погожий –
Набирай давай тепла!
Эй, гордячка-кукуруза,
Не останься на мели –
Больше солнечного груза
Ты на плечи навали!
…А потом зима настала:
Ходят в небе волны туч…
Очень жадным солнце стало –
Бережёт свой каждый луч.
Тыкву мать взяла в сарае,
Разрубила пополам…
Будто солнышко, играя,
Вдруг пожаловало к нам!
Достаёт сестрёнка вазу,



В ней – варенье из айвы…
Будто осень входит сразу
Прямо в золоте листвы!
Кукурузы спелой зёрна
Я рассыпал по плите…
Будто звёздочки проворно
Замерцали в темноте!

## СОЛНЕЧНЫЙ ДЕНЬ

Напевая тихо что-то,
В доме окна моет мать.
У сынка – своя забота:
Сел на коврик поиграть.

Вьются ласточки, мелькая, –
Гнезда лепят над окном...
Сквозь стекло сиянье мая
Потекло в умытый дом.

Сын хохочет – слушать любо,
Заливается в игре!
Он – малыш. Всего два зуба.
Ловит солнце на ковре.



## ВЕСЕННИЙ ДОЖДЬ

Какой хороший дождь прошёл
– Он разбудил стрижей и пчёл!
Дождь вывел в поле ручеёк.
Куда ты? Пропадёшь, дружок!
А солнце славно так печёт,
Как будто пирожки печёт.
Бежит девчонка через май
Вся мокрая, хоть выжимай.
Промокли блузка и подол…
Какой хороший дождь прошёл!



# Мозги отварные с соусом

***На 500 г мозгов:***
***1/2 моркови,***
***1/2 пучка петрушки,***
***1 маленькая головка репчатого лука,***
***1ложка разведенного уксуса,***
***1 лавровый лист,***
***4 –5 горошин перца.***

Залить мозги холодной водой. Через 2 ч осторожно снять с них пенку (лучше всего – не вынимая из воды). Выложить в сотейник, добавить специи, соль и уксус, залить водой так, чтобы она только покрыла мозги, быстро довести до кипения, после чего закрыть крышкой, уменьшить нагрев и варить мозги до готовности. Сваренные мозги выложить на блюдо, полить томатным соусом, а сверху посыпать измельченной зеленью петрушки.
На гарнир можно подать рассыпчатый рис или картофельное пюре.

# Гуляш из мяса



***На 500 г мяса:***
***1 кг картофеля,***
***2 головки репчатого лука,***
***1 ст. ложка муки,***
***3 ст. ложки томата-пюре и столько же масла.***

Мясо (огузок, оковалок, лопаточная часть) обмыть, нарезать кубиками, посыпать солью, перцем и обжарить на сковороде с маслом. Затем добавить мелко нарезанный лук, мясо посыпать мукой и все вместе слегка поджарить. Подготовленное мясо сложить в кастрюлю, залить 2 стаканами горячего бульона или воды, добавить томатное пюре, 1–2 лавровых листа, можно также добавить сметану, накрыть крышкой и поставить тушить на 1 – 1,5 ч.
Подать гуляш с жареным или отварным картофелем, посыпав мелко нарезанной зеленью петрушки или укропа.



# Язык отварной

***На 500 г языка:***
***1 морковь,***
***1 корень петрушка,***
***1 головка репчатого лука,***
***1 лавровый лист,***
***5 горошин перца.***

Вымыть язык холодной водой. Положить в кастрюлю, залить кипящей водой так, чтобы она только покрыла его, довести до кипения, удалить пену и, значительно уменьшив нагрев, варить без кипения до готовности (крупный говяжий язык варят 3– 4 ч, телячий – примерно 2 ч). За 1 ч до окончания варки добавить коренья, нарезанные ломтиками, лук, специи и соль. Готовый язык вынуть из отвара, под струей холодной воды снять с него кожу, после чего положить в отвар и хорошо прогреть. Перед подачей на стол нарезать тонкими широкими ломтиками.
Можно подать язык с соусом из зеленого горошка: зеленый горошек (400 г) вместе с соком вскипятить, всыпать по вкусу соль и сахар, заправить мукой, растертой с маслом и сметаной. Залить язык приготовленным соусом.



## ШПИНАТ

Листья шпината содержат комплекс витаминов, углеводы, органические кислоты, минеральные соли, значительное количество йода и много других биологически активных веществ. Шпинат полезен при депрессии, аллергии, заболеваниях органов пищеварения, помогает при переутомлении и даже уменьшает вероятность возникновения раковых и сердечно-сосудистых заболеваний. Но главное – улучшает работу зрительной системы и помогает восстановить зрение.

### РЕЦЕПТЫ

Листья шпината полезны при вялости кишечника и усиленном газообразовании.

*Отвар.* 10 г мелко нарезанных листьев залить стаканом кипятка, потомить 5 минут, остудить и пить перед едой по полстакана.

*Постная ботвинья.* Взять по пучку шпината и щавеля, измельчить, потомить на сковороде, добавив немного воды, протереть через сито, пюре охладить, развести квасом, добавить по вкусу сахар, лимонную цедру, поставить в холод. При подаче можно добавить по вкусу кусочек отварной рыбы, зеленый лук, укроп.



## СЕМЕНА ПОДСОЛНЕЧНИКА

Подсолнечное масло – один из самых известных продуктов в мире. Оно применяется как слабительное и желчегонное средство при лечении воспалительных заболеваний кишечника и желчекаменной болезни, для профилактики атеросклероза. Очень полезны для организма семена подсолнечника (семечки). Они содержат большое количество жира, ценные растительные белки, углеводы, клетчатку, лецитин, макро- и микроэлементы, витамины группы В, являются одним из самых богатых источников витамина Е.

### РЕЦЕПТЫ

*Салат из моркови и семечек.* Требуется 1 стакан натертой моркови, 2 ст л. очищенных семечек и 2 ст. л. сметаны. Все компоненты перемешать, дать выстояться 1 час до выделения морковного сока. Принимать 1 раз в день во время еды в течение недели.

*Масло.* Принимать по 1 ст. л. 3–4 раза в день как слабительное и желчегонное средство.

Для лечения стоматита, пародонтоза набрать в рот подсолнечное масло и полоскать на протяжении 10–15 минут, выплюнуть, тщательно прополоскать рот водой.



## КАПУСТНЫЙ БЕЛОК

По содержанию белковых веществ белокочанная капуста обогнала многие корнеплодные овощи. Имеется особый «капустный белок» – витамин, способствующий излечению от язвенной болезни желудка и кишечника. Рекомендуется капуста при гастритах, болезнях печени, а также при язвенных и спастических воспалениях толстой кишки, при почечнокаменной болезни, бессоннице. При пониженной кислотности желудочного сока, заболеваниях нервной системы, упадке сил следует принимать капустный рассол в теплом виде.

### РЕЦЕПТЫ

Настой. 1 ст. л. свежих листьев капусты измельчить, залить 0,5 л кипятка, настаивать 8–10 часов и принимать по '/4 стакана 3 раза в день за 15 минут до еды для укрепления иммунитета.

Рассол. Принимать до еды 1–2 раза в день в теплом виде, начиная с 1–2 ст. л. и постепенно увеличивая разовую дозу до 0,5 стакана.

Внимание! Рассол противопоказан при высокой кислотности желудочного сока, обострении язвенной болезни, при желудочных кровотечениях.

# Здоровый образ жизни для детей




Быть здоровыми, красивыми, полными сил хотят и взрослые, и дети. А что для этого нужно делать? Всего лишь знать и выполнять правила здорового образа жизни.

Что же это такое – здоровый образ жизни?

Здоровый образ жизни – это действия, нацеленные на укрепление здоровья. Итак, чтобы быть здоровым, нужно не пренебрегать правилами личной гигиены и режимом дня, правильно питаться и заниматься спортом.

## Личная гигиена

### *Чистота – залог здоровья*



Главное требование гигиены – держать тело в чистоте. Это избавит вас от риска получить заболевания, связанные с размножением бактерий и паразитов. Для этого надо соблюдать элементарные правила гигиены.

1. Обязательно чистите зубы после утреннего пробуждения и перед сном.
2. Регулярно мойте голову.
3. Содержите в чистоте расчёски, резинки и заколки для волос.
4. Принимайте душ или ванну 2 раза в день.
5. Обязательно мойте руки по приходу домой, до и после еды, после игры с животными, до и после туалета.
6. Уделяйте внимание чистоте вашей одежды и обуви.

## Режим дня

### *Сидеть да лежать – болезни поджидать*

Вы скажете, что режим дня придумали родители, воспитатели и учителя. Совершенно верно! Именно этим людям небезразлично, как себя чувствуют дети, с каким настроением они принимаются за уроки и занятия, найдётся ли в течение дня время на еду и развлечения.

Итак, режим дня – это правильное распределение времени на сон, работу, питание и отдых.

Бывает, что мы нарушаем режим дня: поздно встаём, едим, когда захочется, смотрим фильмы или мультики допоздна, валяемся на диване. Но если человек будет так жить всегда, то он станет капризным лентяем, а без правильного питания и прогулок на свежем воздухе он ещё и заболеет.

Значит, основа правильного распорядка дня и хорошего самочувствия – это:

- Нормальная продолжительность сна (школьник должен спать не менее 9–10,5 часов).



*Иллюстрация К. Ротова к стихотворению А. Митты «Чудо-кровать»*

- Соблюдение времени отхода ко сну и ежедневного пробуждения.
- Соблюдение графика приёма пищи.
- Соблюдение баланса между учебными занятиями в школе и дома с активным отдыхом и пребыванием на свежем воздухе. Вернувшись из школы, ребёнок должен пообедать и обязательно отдохнуть. Отдых составит около 1–1,5 часа, без чтения книг и просмотра телевизора. Начинать выполнение домашнего задания рекомендуется с наименее тяжёлых предметов, переходя к более сложным. Через каждые 30–40 минут выполнения уроков следует проводить 15-минутные перерывы (с физкультминуткой под музыку).

Вы можете построить свой режим дня, посоветовавшись с родителями. Главное – найти в себе силы соблюдать этот режим!

# Правильное питание

## *Как жуёшь, так и живёшь*

Понятно, что для детей готовят пищу взрослые. Понятно, что детям для роста и взросления нужно много сил. А получать всё необходимое они должны из пищи, богатой микроэлементами, минералами и витаминами. Отсутствие сбалансированного полноценного питания может обернуться испорченным на всю жизнь здоровьем. Поэтому нужно постараться есть всё полезное, что вам предлагают родители. Правила здорового питания достаточно просты и не требуют специальных навыков.

Ешьте богатые витаминами овощи и фрукты. Не отказывайтесь от тех овощей и фруктов, которые однажды показались вам невкусными, попробуйте их ещё раз, вдруг понравятся. Свежие овощи и фрукты не только утолят голод, но и пополнят недостаток полезных веществ.

Употребляйте кисломолочные продукты (кефир, простоквашу, творог, сметану и проч.). Они содержат полезный белок и способствуют нормальному пищеварению.

Ешьте каши. Они содержат сложные углеводы, которые позволяют организму быть энергичным и бодрым в течение многих часов. В качестве гарнира каши отлично гармонируют с мясом, рыбой и овощами.

Не отказывайтесь от мяса. В мясе содержится огромное количество полезных веществ, таких как железо, калий, фосфор. Они дают организму силы и возможности правильно развиваться и бороться с болезнями.

***Совет.*** Не торопитесь во время еды, хорошо пережёвывайте пищу. Это спасение для желудка и всей пищеварительной системы. Специалисты рекомендуют жевать пищу не менее двадцати раз.





*Фотограф Саманта Ли создает картины из обычной еды.*

# Спорт и физические нагрузки

## *Двигайся больше – проживёшь дольше*

Чем меньше мы двигаемся, тем больше риск заболеть. Хорошо, если у вас много свободного времени. Вы можете посещать спортивные секции, упражняться в тренажёрном зале или танцевать. Вариантов очень много. Но что же делать, если вы занятой человек и почти не имеете свободного времени? Тогда начать день необходимо с утренней зарядки, которая поможет перейти от сна к бодрствованию, позволит организму активно включиться в работу. Выполнять упражнения надо в определенной последовательности: вначале потягивания, затем упражнения для рук и плечевого пояса, затем для туловища и ног.





*Картины Евгении Гапчинской*

Заканчивают зарядку прыжками и бегом, после чего делают упражнение на восстановление дыхания.

Посвятите зарядке 10–15 минут, и ваше тело всегда будет в отличном состоянии.

Помимо зарядки к физическому воспитанию относится активное пребывание на свежем воздухе: подвижные игры и/или ежедневные прогулки на роликах, велосипеде и проч. Физический труд, гимнастика, прогулка, бег и т.п. улучшают кровообращение, дают энергию, хорошее настроение, здоровье.

# Отказ от вредных привычек

Мы не станем углубляться и долго говорить о вредных привычках. Это общеизвестный факт. Мы очень надеемся, что каждый из вас, наших читателей, ценит своё здоровье и уже давно принял решение никогда не быть зависимым.

Хотите быть лучше, сильнее, веселее? Тогда начните вести здоровый образ жизни. На самом деле, вести ЗОЖ намного проще, чем можно подумать. Просто начните с малого. Давайте сами себе задание (встать вовремя, не забыть почистить зубы, поесть до выхода в школу, собраться и сделать уроки за 40 минут и др.) Выполняйте их и планомерно формируйте новые полезные привычки.



# ДОМАШНЕЕ ЗАДАНИЕ *или* ДОКТОРСКАЯ ДИССЕРТАЦИЯ?

Ваше чадо сидит за домашним заданием несколько часов кряду. То ли дурью мается, то ли действительно много уроков задали...

## ЗАЛОЖНИКИ НАШИХ АМБИЦИЙ

Многие родители, пойдя на поводу у своих амбиций, отправляют детей в престижные лицеи, гимназии, классы с углубленным изучением отдельных дисциплин. Конечно, приятно осознавать, что твой малыш – будущая суперзвезда, но не стоит переоценивать уровень его умственных способностей. Может оказаться, что ученик просто «не потянет» перенасыщенную программу, учение превратится в мучение, а уроки действительно будут делаться нескончаемо долго.

## ЗАГРУЗКА ИЛИ ОТСИДКА?

Когда ребенок здоров и по своему развитию готов усваивать школьную программу, на подготовку к урокам (в зависимости от возраста) ему достаточно от 2 до 4 часов. Возможно, дети просто не могут сосредоточиться на уроках, особенно если после школы прошло совсем немного времени. По гигиеническим нормам между занятиями в школе и дома должно пройти не меньше 2–3 часов, и лучше на свежем воздухе. А мы, родители, чаще всего усаживаем детей делать домашнее задание в самое неподходящее время: либо сразу после школы, либо поздно вечером, чтобы контролировать занятия. С первых школьных дней приучите детей к тому, что домашнее задание требует такой же тишины и сосредоточенности, как и урок в школе. Уберите все лишние предметы с письменного стола, оставьте только необходимые книги и тетради или позволяйте создавать шумовой или музыкальный фон. Бывает, что ребенку просто не объяснили, как, в какой последовательности выполнять домашнее задание. Поговорите с ним и вместе определите, с чего лучше начать, как удобнее выполнять заданное.

## «МАМОНТЫ» ЖИВУТ СРЕДИ НАС

Не удивляйтесь, но еще есть дети, которые любят делать уроки. Им нравится сам процесс: аккуратно расчерченные чертежи, заполненные каллиграфическим почерком дневники и так далее. А некоторые всерьез увлекаются каким-то предметом, читают дополнительную литературу, долго размышляют. Этих надо оставить в покое. И тем не менее следите, чтобы ребенок все-таки бывал на свежем воздухе, а не только сидел у компьютера.

## ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

СЕЛЬДЕРЕЙ считался священным растением у древних египтян и греков. В природе сельдерей растет «по колено» в воде, и у него всегда влажные, «плачущие» листья. Греки сплетали из сельдерея венки для победителей. Такими венками в Древней Греции награждали героев популярных спортивных и музыкальных состязаний. У нас венки из сельдерея гордо носили придворные Екатерины Второй. При этом они смеялись над иностранцами, которые ели эту траву. Позже именно у европейцев мы научились употреблять сельдерей в пищу. С древности сельдерей был причислен к афродизиакам и входил в бальзамы и микстуры, повышающие потенцию и разжигающие страсть. Известный популяризатор магической кулинарии американка Патрисия Телески утверждает, что сельдерей ассоциируется с огнем и Меркурием, а значит, излучает могучую солнечную энергию. Он должен постоянно присутствовать на столе, так как усиливает уверенность в себе и обостряет логическое мышление.








# Октябралъул революциялъул цIаралда канал

Октябралъул революциялъул цIаралда бугеб каналалалда жанисан лъим бекерараллдса 100 сон тIубалеб буго гьаб соналъ. Гьеб канал бахъизегIан, гIодоблъиялда ругел росабазулгун шагьаразул кIудияб, гьел церетIезе риччаралареб масъала букIана лъел суал. Порт-Петровскалъ Таркиялдаса чваххулел лъаразул лъим хIалтIизабулаан ва поездалда Сулахъалдаса ва Щура-озень гIурухъа баччулаан лъим шагьаралде.

XIX гIасруялъул кIибилеб бащалъиялда байбихьана мугIрузул районалги гъорлъе рачун, Дагъистаналда лъалъадулеб система гIуцIцIизе. 1870-1880-лел соназ чанго нухалъ хIалбихьана Сулахъалдаса Порт-Петровскалде щвезегIан канал бахъизе ва щибаб нухалъ байбихьудасаго, цин проект мекъи ккун, цинги гIарац гIоларого, гьеб цебе бачун бажарулароан. Къоабилеб гIасруялъул байбихьудайин абуни революциялъги граждан рагъазги гьединал суалазде регIизего течIо пачалихъ гIемераб мехалъ.

1921 соналъул 11 октябралъ республикаялда, ХIалтIул фронталъул аслияб штабалъул ва республикаялъул Совнаркомалъул председатель ДЖ. Къоркъмасовасул нухмалъиялда гъоркь, тIобитIана цIакъ кIудияб, халкъияб стройкаялъе къучI лъураб, субботник. Гьесие кумек гьабулеб инженеразул кIудияб къокъаги букIана: В. Эмиров, З. Темирханов, А. Эфендиев, А. Даитбеков.

ХIалтIи цебе унеб букIана. Аза-азар чи вахъун балеб букIана канал. КОР буго унго-угояб Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъе бараб памятник! Гьенире щибаб районалдаса рачIунаан хIалтIухъабазул къокъаби. ХIалтIулаан газа-белгун. ГIумру гьабун рукIунаан ракьулъ гьарурал гьитIиналго рукъзабахъ.

СССРалда лъалъадулел бакIал раялъул рахъалъ КОР букIана тIоцебесеб гьединаб кIудияб стройка. 1923 соналъул маялъ канал бахъулеб бакIалде рачIун рукIана М. И. Калинин, К. Е. Ворошилов, С. М. Буденый ва гьел гурел цогидалги. Пачалихъалъ гьеб хIалтIуе бихьизабун букIана 4 млн гъурущ. ДАССРалъе кьуна ХIалтIул БагIараб байрахъ (Трудового Красного знамени) байрахъ.

Анжи-арка мегIералъул ахалъуда бухъун букIана хасаб хIор. Инженер Видади Эмировасул цIарги лъун – гьелда Эмировасул хIорилан абулаан. 30-лел соназ пачалихъиял органаз Эмировасде гIайибги щвезабун тамихIги къотIун, хIоралда цIар Вузалъулилан лъуна.

Гьалеха тIаде щвана киналго урхъун рукIараб къо: 1923 соналъул 25 июлалъ хIалбихьиялъе каналалъусан биччана лъим, 28-лелъ гIедегIун цIезабуна хIор. 8 августалъ кIудияб рохалида рагьана канал. Августалдайин абуни, Москваялда букIараб 1-себ ТIолгороссиялъул росдал магIишаталъул цебелъеялда, рагIара-кьанде щвараб баянгун макетги цебе лъун, тIубараб экспозиция букIана нилъер каналалъул.

Каналалъ лъеда хьезаруна чанго шагьарги росабиги. ЧIаголъун бачIана Каспий ралъдал рагIаллъи! КIудияб туркIи ккана шагьаразул коммуналиял системабазе, росдал магIишат ва промышленность цебетIеяллъе.

Сулахъ гIурухъ байбихьи босулеб Дагъистаналъул лъел рихь уна чанго районалдасан. 90 км щола МахIачхъалаялде, 140 км щола Избербашалде. Гьелъ лъедалъун хьезарулел ракьазул къадар 60-азарго гектаралде бахуна.

Гьаб нусго соналда жаниб КОР чанцIулго цIигьабун къачIана. Рагъул кор боркьараб 1944 соналъ харабазул, руччабазул ва лъималазул кверaз гIатIид гьабуна гьеб. 1960-80 сонaзги гьабуна гьениб кIудияб хIалтIи, кинабниги канал бетонги тIун жанисан къачIана.

Узухъда, 100 сон бараб каналалъул руго гIемерал гIузраби ва гьелъие хIажат буго тIад хIалтIи, зама-заманалдасан бацIцIад гьаби, сверун къай. Хьул буго гьаб юбилеялъулаб соналъ пачалихъалъ Октябралъул революциялъул цIаралда бугеб нилъер каналалде кIвар кьелилан.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



Инсанас хIаракат бахъула гIумруялъул хIалбихьи лъазабизеги гьеб цIунизеги, наслабахъе кьезеги. Гьединал баянал цIунун руго азарилал соназ библиотекабаздаги. Гьаб ахираб заманалда, цIияб технологиялъ гIемераб жо хисизабулеб буго. Библиотекабазул хIалтIиги цебегIадинаб гьечIо. Кин гьел хIалтIулел ругелали бицунеб буго Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялъул директорасул заместитель- ДжабрагIилова Сарат ГIабдуллаевналъ.

# ТIЕХЬ ЦIАЛИ – ЛЪИКIАБ ГIАДАТ

Библиотекабиги заманалда рекъон хисулел руго. Гьанже гьел кколел руго информация цIунулел гьезул хIакъалъулъ баянал халкъалъухъе щвезарулел, киналъего кIвар бугел культураялъул, тадбирал жанир тIоритIулел бакIаллъун, - абун бицана Сарат ДжабрагIиловалъ. Гьелда бихьулеб буго щибаб кьоялъ библиотекаялда тIобитIулеб хIалтIиги, гIадамазул гьелде бугеб хIажалъиги.

- Гьаниб батула къваригIарабщинаб информацияги, буго гьеб босизе санагIатаб бакIги. ТIоритIизе бегьула гьанир дандчIваялги, гьединго гара – чIвариялъе ратула гIадамалги. Гара – чIвариялги дандчIваялги абуни библиотекабазда рукIуна ишалъулал ва мурадал цоял. КъваригIел гьечIеб хабаралъе гьанире рачIунаро. Гьединлъидал абизе ккола библиотекаялда гьабулебщинаб хIалтIи цо хасаб шартI бугеб букIунилан. Хадубккунги гьеб гьединаблъун хутIила. Дун гьелда божула. Дие гьеб гьедин букIине бокьунги буго ва киналго ахIулел руго библиотекаялде тIахьал цIализеги. ТIехь цIали – гьеб буго баянал щвеялъул хасаб къагIида.

- Дун гьитIинаб мехалда библиотека букIана кIудияб кIваралъул ва хIажалъиялъулаб бакI. Библиотекабазда гIадамазул «очередь» букIунаан, къваригIараб тIехьалда худуб. ГIадамаз тIахьал гIемер цIалулаан.

**- Дур анищ букIанищ библиотекаялда хIалтIизе?**

- БукIичIо. Дие бокьулаан кечI-бакъан, лъугIизабуна Агдамалъул, ГIузеир ХIажибековасул цIаралда бугеб, музыкалияб училище. Хадуб Бакуялъул пединститутальул музфак. Агдам шагьар буго МугIрузулаб Карабахалда. Гьеб ккола дир ватIанги. Дир кIудада( СалахI) вукIун вуго гьеб шагьаралъе кьучI лъуразул цояв, къватIиве ун бетIербахьи гьабулев устар – ярагъ гьабулев чи. Абула гьес банила Агдамалда тIоцебе ганчIил рукъги. ХIалтIи гьабизе гьес устарзаби рачун руго Дагъистаналдаса. Гьезда гьоркьор рукIанила аваралги, лъарагIалги ва миллатцоял тумалгиха. Мина – рукъги бан, хадув вачIун вуго гьев гIагараб Говкраялде, хъизан – лъималги доре рачинеян. Амма лъади разилъун гьечIо гьесда цадахъ ине ва гьесие доя йикIине рекъарай лъадилъун гьельго йихьизаюн йиго жиндирго гьалмагъ. Абун буго гьесул анкьго лъимер гIезабиялъе бажари гIолей гIадан цохIо гьей йикIинилан… Гьедин ккезеги ккун буго. Гьеле гьеб хъизаналда гьавун вуго дир эмен. Гьес хвезегIан кумек гьабулеб букIун буго ракьцоязе.

**- Дагъистаналде кинха мун ккарай?**

- 80 сонازда Азербайджаналда байбихьана кIудияб хиса-баси, Карабахалда ккана тунка – гIусиял. Гьединлъидал ниж Дагъистаналде тIадруссана. Дир умумул кколаан Лак районалъул Говкра росулъа. Инсуе бокьулеб букIана гIагараб ракь, гьесда гьеб лъикI лъазеги лъалаан. Гьесул кидаго букIунаан гIагарлъиялъулгун бухьенги . Гьединаб рокьи гьес куцана нижельги. Азербайджаналъул тумал ракIаниги , нижеда лъикI лъала рахьдал мацIги ва гIурус мацIги.

Библиотекаялде хIалтIизе дун хадуй ячIана. Цин МахIачхъалаялъул школазда хIалтIана , гьединго

хІалтІана культураялъул министерствоялдаги, гьезул методцентралдаги. Гьание ячІун хадуб дица лъугІизабуна ДГУялъул социалияб факультет. Гьаб библиотекаялда хІалтІизе щвеялдаса йохарайги йиго дун.

Сарат ГІабдуллаевна (ГІабдулла – Кызы) ДжабрагІиловалъул коллективалъги кІудияб адаб-хІурмат гьабулеб буго ан. Гьелъул хІалбихьиялъул кумекалдалъун байбихьун буго библиотекаялда батІи – батІиял фестивалал, халкъияб искусствоялъул байрамал, конкурсал ва цогидалги, культурагун - искусство рагІизабиялъулал тадбирал гьаризе. Гьединго щибаб соналъ «ТІахьазде буссинабе ракІ», «ГІагарал мацІазул кІамури» абурал Республикаялъулал фестивалалги гьелъ ургъун гьарулел руго. Гьединго гьей ккола «Библиосордо», «Искусствоялъул сордо», «Киноялъул сордо», «ТІехь сайгъат гьабиялъул халкъазда гьоркьосеб къо» абурал ТІолгороссиялъулал тадбиразул авторги. Гьелъул гІахьаллъиялдалъун тІоритІулел руго тІахьазулгун лъай – хъвай гьабиялъул дандчІваялги, шагІирзабазулгун хъвадарухъабазул ва цІар рагІарал жамгІиял хІаракатчагІазул юбилеялги, гІуцІун руго миллиял мацІазул клубалги.




Сарат ДжабрагІилавалъ жигараб гІахьаллъи гьабула лъикІалщинал ишазулъ, культураялъул ва хасго тІахьазул кІвар бугел тадбиразул рахъги ккола гьелъ. Библиотекаялде хІалтІизе ячІаралдаса гьелъ лъикІабго хиса-баси лъугьинабуна киналго отделазул ишазулъ. ГІемерго лъикІлъана гьениб гІун бачІунеб гІелалъе тарбия кьеялъул хІаракатчилъиги. Тадбирал гьарула терроризм ва экстремизмалде рагъ гьабиялъул бугеб хІажалъи, кІудияб кІваралъул бицунел, гьединго творчествоялъулал цолъабазул ишазул бицунелги. Гьелъ квербакъула культура ва искусствоялъулал вакилзаби районаздеги шагьараздеги ритІиялъе, гьенир бакІалъул гІадамазулгун дандчІваял тІоритІиялъеги. Гьединал дандчІваял унго- унгоял байрамаллъунги лъугьуна.

- Нижер библиотекаялъ тІадбуссинабуна 90 соназда билизе тараб «машгьурлъи». Гьанир гІемерал хІажатал ва чІахІиял тадбирал тІоритІула. Мисалалъе босани, 2І февралалъ букІуна рахьдал мацІазул къо. Нижеца гьенире ахІула нилъер вузазда цІалулел ругел, къватІисел улкабаздаса студенталги, нилъер машгьурал шагІирзабиги, гІалимзабиги, искусствоялъул хІаракатчагІиги. 2І октябралъ букІуна санайилаб миллиял мацІазул Фестиваль. Гьенире нижеца ахІула бакІаздаса муниципалиял библиотекабазул хІалтІухъабиги. Жидерго районазул къагІидаялда, миллияб ретІа – къайгун, гьез гІагараб мацІалда кучІдул ахІула ва цІалула.

- **ЦІалдолезе лъазе бокьила кинал бакъназухъ музыкантал гІенеккулел, богогьанзабаз кинаб квен рокъоб гьабулеб, хъвадарухъабазги библиотекаразги щиб цІалулеб…?**

- Кинабго художествоялъулаб литература, гІурус мацІалдаги ва къватІисеб пачалихъалъулги, цІалана дица. Хадуб гьира ккана тарихиял гІелмиял хІалтІабазде. Дие цІакъ рокьула дагъистаналъул хъвадарухъабиги шагІирзабиги! РекІехъе лъала гІемерал асарал, гьединго азербайджаналъулги. Кидаго халккола нилъер заманалъул ракьцоял хъвадарухъаби, Жанна Абуевалъул ва Миясат Муслимовалъул творчествоялда хадуб. Гьединго гьираялда цІалула МухІамад АхІмадовасул ва Марина АхІмадовалъул асаралги.

- **АнцІго соналъ цебе ракІалде кколаан библиотекаразе хІалтІи букІинарилан, церехун телефонистал, машинисткал – наборщицабигІадин гьелги тІагІине ратилин. БукІинадай гьедин?**

- БукІинаро. Дида гьедин кколаро. Россиялъул ва Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъ ургъун хІадур гьабулеб буго библиотекабазул хІалтІи хисизабун цІигьабиялъул проект. Дагъистаналъул библиотекаби руго «Культура» абураб миллияб проекталда гьорлъе рачун. Нижер библиотекаялъ методикаялъулаб кумек гьабула киналго цогидал библиотекабазе хІажатал документал хІадур гьариялъе… Араб кІиго соналда жаниб республикаялда тІадеги анлъго библиотека рагьана, гьаб соналъ жеги щуго тІаде рагьизе планалда буго. КІвар кьолеб буго гьединго библиотекабазул материалиябгун – техническияб рахъ щула гьабиялде, гьениб тарихазулаб техника цІикІкІинабиялде, цІи – цІияб литература тІаде бакІариялде ва библиотекаразул махщел камиллъизабиялде. Гьединлъидал библиотекаразул махщел билизе, тІагІине бугилан абураб пикру битІараб гьечІо. Гьел жеги хІадур гьарула ДГУялъул культураялъул факультеталдаги.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# ЧУНДУЛЦИН СОРОЛЕЛ САРИНАЗУХЪЕ

РахIмат Давудова. Гьеб цIар гвангъун бачIунеб буго магIарул миллияб маданияталда, жиндирго хасльигун, жиндирго хатIигун. Берцинаб гьурмада гьайбатаб гьимигун гIолилай кабинеталде жание лъугьун ячIиндал, дун цо лахIзаталъ чIун хутIана, щиб абилебалигицин лъаларого. ТIоцебесеб иргаялда, хехго берщвезабуна гьелъ цадахъ чагъана бачIун бугищали. РахIмат дихъего ахIулелъул, гьеблъидалха дие бокьунги букIараб – гьелъ чагъанаялда рачунел бакънazухъ гIенеккизе.

Бачеха, РахIмат, дудаго лъалеб бищунго пашманаб бакъан, - илан байбихьана дица гIолилалъулгун гара-чIвари. Щаялиго гьеб лахIзаталъ дие бокьун букIана пашманал бакънazухъ гIенеккизе.

Гьединго РахIматица рачана МухIамад Къасумовас хас гьабун чагъанаялъе хъварал бакъналги. РахIматил чагъана Цоялда хадур цоял гьарун, РахIматица рачунел магIарулги гьездаго цадахъ Дагъистаналъул миллатазулги бакъназ цебе чIезабулеб букIана тIолабго магIаруллъи. Пикрабиги гьалдезе лъугьана, рекIел кьабиги хIалуцана, каранда бакIги гIоларого, твархезегицин лъугьана гьеб. Ва гьале дун – гIагараб росулъ. Гьение дун щвезаюна Фазу ГIалиевалъул «ГIагараб росу» абураб кочIое бачIунеб сариналъ. Гьелъул куркьбаздаги рекIун дун йоржана гIагараб росулъе, свери бахъана гьелъул кIичI-кIичIарал къватIазухъан, щибаб ганчIиегицин салам кьуна. Лъимерлъиги бачIана дандего бекерун, гIолилльиялъул тIанчалги регана цIидасан. Ва цо заманалдасан цIидасанги рии-их рещтIана дир пикрабазулъе – рорхатал мугIрулги, мугIрузул тIогьазда тIавап гьабулел пахруял цIумалги, цIумазул рорженалъул борхалъиялда ругел магIарулалги. Цояб сипат цоялъ хисулеб буго – гьале мугIурузул каранда тIабигIаталъго угьарал росабиги. Зама-заманалдаса рагIулеб букIана вехьас бачунеб щвантIихалъул гьаракьгицин, гIурччинаб гIидраялда вехьасда сверун расандулел кьагIазул гьадигицин рагIулеб бугин кколеб букIана – бихьулищха РахIматил килщазукь чагъанаялъул бугеб къуват. ЦохIо дир гурониги, гьелъул чагIанаялъл сариназ данде ракIараразул гIанабазда жиндирго лъалкIал толел рукIана.

Рорхатал мугIрулги, гьезул каранадасан, тIеренал нухалги гьарулаго, мугIрул ахалъуде чвахун унел лъаралги, керчал рохьалги, рохьазда тирулел чIухIарал чундулги. Гьел лахIзатаз чундулги соролел ругин кколеб букIана чагъанаялъул саринazухъги гIенеккун.



Чагъанаялда бакънал рачунелъул, кинал пикраби ботIролъе рачIунелилан цIехедал, РахIматица ургъичIого кьуна жаваб:

- Гъал бакъназ дун ячуна магIарухъе, гIагараб тIалъиялде. Ургъулей йикIуна щибаб бакъаналда тIад, киндай ва кибдай гъеб бижанаян абун. Щибаб бакъаналъул – жиндирго тарихги, жиндирго къисаги, жиндирго геройги. Гъезулъ буго цо гIажаибаб къуват, щивав гIенеккарав асир гъавизе кIолеб. Бокьараб бакъаналъухъ гIенеккани, гьениб батула нилъеда нилъерго къисмат, - илан абуна гьелъ.

Гьаюна РахIмат Давудова Хунзахъ районалъул ГIахьалчIи росулъ. Заманалдасан гьелъул хъизаи гочана Гъизилюрт шагьаралде. Эбел ПатIиматги ккола профессионалияй музыкант. Эбелалъ аккордеоналда рачунел бакъназ гьитIинго пана гьаюна РахIмат. Ва дагь-дагькун тIегьан бачIана музыкаялде бугеб гьелъул рокьи. РахIмат цIалана Гъизилюрталъул анкьабилеб школалда. Гьелдаго цадахъ гьей хьвадана шагьаралъул музыкалияб школалде. Гьебги лъугIизабуна тIокIлъигун ва тIадегIанаб даражаялда (класс – пианистка, скрипка (чагъана)

Гьелдаса хадуй цIализе лъугьана МахIачхъалаялде, Г. Гасановасул цIаралда бугеб музыкалияб училищеялде (класс- скрипка (чагъана)

2015-2019 соназ РахIмат цIалана Астраханалъул пачалихъияб консерваториялда. Ва тIадюссана Дагъистаналде.



РахIматица цIидасанги чагъана кодобе босидал, ракIалде щвана Мутай Хадулаев. Чанги щвана дун гьесухъе, хъвана гьесул хIакъалъулъ чанго макъалаги. Мутай дацийилан абулаан дица гьесда. Гьесде ккун букIараб ургъел жиндир ирс босизе чи гьечIиланги абун. Жакъа киндай вохилаан гьев, РахIматихъги валагьун. Гьесул бицен гьабуна РахIматиеги. Гьелъул берал кенчIана, Мутайил цIар рагIидал:

- Гьаб дихъ кодоб ккун бугеб чагъанаги гьес кьураб буго дие. Жинцаго гьабурабха гьес гьаб. Дица гьев рикIкIуна дирго учительлъун. Гьес ячана дун миллиял бакъназул гьварилъудеги, малъана бакъназул балъголъаби ричIчIизеги, - ян бицана гьелъ.



- Дие цIакъ бокьун букIана Зарифа ГIабдулаева хIалтIулей йигеб камернияб оркестралда хIалтIизе. Гьей ккола оркестралъул дирижер.

ГьабсагIаталда РахIмат Давудова хIалтIулей йиго камернияб, симфоникияб, халкъиял инструментазул оркестразда, чIарадисезул хоралда, Авар театралда.

Гьоркьисала риидал гIолохъанай музыканталъе рес щвана «КочIолаб ЧIарадагун» цадахъ Москваялде ине ва тахшагьаралъул консерваториялда хоралъ кьолел концертазда гIахьаллъизе. Хоралъул церерахъинал нухда рачунел рукIана Дагъистаналъул филармониялъул художествияй нухмалъулей Ирина Нахтигалалъ.

Гьикъана РахIматида анищазул хIакъалъулъги.

- Музыкант хIисабалда, дир буго дирго школа рагьизе кIудияб анищ. Ай, чагъанаялда бакънал рачине лъимал ругьун гьаризе.

Дидаго тIадги жеги чанги хIалтIизе ккеларищха, школа рагьизе кканиги, - ян елъана гьей.

Ва цIидасанги сверухъльи цIуна чундулцин соролел чагъанаялъул сариназ.

Хъвалеб буго гIолохъанай чагъаначIужу РахIмат Давудовалъ…

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**

БакьайчIиса Даци

# «Цо панаяб хIухьел...»



Дие бокьун буго, рокьул къецги бан,
Цо милиционер бецIцлъизавизе,
Бер къинкIун, кIал жирун, жагъалги гьавун,
Нижер участковий кодой восизе.

Дун къватIий лъугьунеб квотIнов ватула,
Къвалакь квералги чIван, чIухIи гьабулев,
ЧIараб бакIалдеги аскIой вачIуна,
"Аний щибулей" - ян накъит гьабизе.

Дун бахIараб мехалъ дитIе ахIарал
ХIухьелал угьизин эмехвадитIе,
Инагьдулеб ракIалъ рикIкIарал мухъал,
РакIалде щванани, шуризин асде:

- Дур ратIлил гьайбатлъи, гьурмал берцинлъи,
Милица гIадинав гIадан гьечIо мун!
БагIарал кIаркьаби, кьурарал михъал -
ХъахIабросулъесда релълъарав вуго!

Лъеги дуда баркат, тулакаб жайран,
Жанисел ишазул шефлъун вахъине,
Щолеб жо гIемерлъун, рукъзал руччаяв,
Йиччай дун берцинго базар гIуцIизе!

Даранальул тушман, тургъузул балагь,
Турулей йигин дун - нахъе ани щиб?!
ХъаршазтIа кIусулел кIодабазул гIел,
ГIадамал хIинкъизе къаге аскIове!

КьабгIун сумка цIураб семичкIа бала –
Бегьулеб батани, те дун дармида!
Дуего бокьараб сигарет кьела –
Ругьунаб къотIноса къотIуге нахъе!

Дуца нахъе гъуни, цоги бакIалда
КIусизе рес гьечIин, вачIа ракълиде,
БатIияб къотIное дун ячIанани –
ЧIвалин ХIавраица, хIалимлъи гьабе!

"Базаралде а" - ян амруги гьабун,
Гьанже нахъе къотIи къан буго рекIелъ.
Къойил гIемерлъулел дур гIакIабаца,
ГIазаб кьолеб буго гьинал ракIалъе!

Гьиндалъул шагьасул яслъун таниги
Тезе кIолеб гьечIо ругьунаб гIамал,
Бащдаб бикьун дунял дуца кьуниги,
Кьаллъун ругин рукъзал - кIотIное йиччай!!!

Къиралги, пачаги, политикалги
Гьанже дунгIадазде регIулел гьечIин,
Мунго кинав гIакъил, къо бухIадил вас,
КъватIул дарамалде данде вагъулев?!

Дуего чин щвезе, шагьар тирулеб
ТункIил агьлуялъе гьаре гIадлаби,
ГIадамал хIинкъулеб хIалалда унел
«ИнамаркIаби» ккве - кIодо жийго те!!!



# ТАВБУ…

**Гьалъул гIумруялда жаниб гIемерисеб ккана, гIемерисезулго гIадин, ракIалдаго букIинчIеб. Бихьана захIмалъиги, лъана къварилъиги, рукIана камиялги. ГIолохъанаб мехалда гьалъ анищал гьарулаан илагьияб рокьиялъухъ, къисматалъ гьеб жиндие сайгъатлъун кьеялъухъ. Гьалда лъалеб букIинчIо талихI халатккун букIунареблъи. Амма гьедин букIаниги, гьалъ абуна кинабго араб цIидасан тIадбуссинеги бокьилаанилан…**

Алла Подвальнаялъ жиндирго гIумру бикьун буго кIийиде: гьелде щвезегIан ва гьелдаса хадуб. Гьалъ щибго рекъезабичIого бицунеб хабаралъухъ гIенеккизеги бокьула. Гьелда ракIалде щвана рос ва, цо пашманаб хиси гьурмадаги лъугьун, гьесул хIакъалъулъги бицана дов чIаго вугев гIадин. РакIалде кколила гьанже гурого гьанже рагьун нуцIагун жаниве лъугьун вачIинин гьев ва жийги гIодое йиччалин…

Спецназалъул хъулухъчи Сергей Подвальнияс хъулухъ гьабун буго СОБРалда ва гьев гIахьаллъун вуго Чачаналда рукIарал рагъулал ишазулъги. Аллада лъалаан росасул бугеб ишги ва щибаб нухалда гьев тIадкъаялъ унеб мехалда гьелъ ракIалъул рахIатхвей гъваридго бахчун жаниб ккολаан…

Кин гьезул лъай – хъвай ккараб абун гьикъидал, гьей гьимана ва ургъана:

- Дун цIализеян ун йикIана машгьураб Павлово – Посадалда бугеб ресарухъабазул училищеялде. Гьенисан каникулаз рокъое ячIиндал дандчIвана Сергей. Вихьарабго бичIчIана дир йорчIизе бакI гьечIеблъи… Гьес гьелъул квер ккуна ва гьениб гьелда кIочана заманги бакIги… Хабар гIемераб букIана. Гьел цоцазе къабуллъана. Аллада ракIалде кколеб букIана Павлово - Посадалде индал жинда гьев кIоченилан. КкечIо гьенибги хисараб жого. КIиго анкьидасан Сергейги гьелда хадув вачIана ва данделъичIого тIураларилан чIана.

УргъичIого, хIалакун гьабулеб жо букIана гьеб нижер, - абун бицана Аллаца, - Дида Сергей гьес жиндирго хIакъалъулъ бицараб жоялдасан гурони лъалевги вукIинчIо. Гьес лъугIизабун буго Дагъистаналъул политтехалда радиотехническияб факультетги, хадув хутIун вуго хIалтIизе бакI щвечIого ва ине ккун вуго органазде. Заман букIана захIматаб, улкаялда лъугьун букIана гражданазулаб рагъ унеб хIал. Чачаналда багъарана рагъ, гъугъади букIана Дагъистаналдаги. АнцIго соналъ гьев хIалтIун вуго милициялда ва I995 соналъ ккун вуго ОМОНалде. Гьениб лъикIаб хIадурлъиги щун вахъун вуго хIажатав альпинизмалъул специалистлъун, ай гIемертIалаял минабазда жанир асирлъун ккурал хвасар гьаризе ва рахчун чIаралги кквезе къваригIарав, къадаздаса харун гордахъан жаниве лъугьине бажарулев спецлъун.

## ГЬЕДИНАВ ВУКIАНА ГЬЕВ ГIОЛИЛАВ…

Цебе лъураб мурадалде щвечIого ва тIаде босараб тIубазабичIого толароан Сергейица. Гьединаб къимат кьуна гьесие 2003 соналъ хIалтIизе спецназалдаса ОМОНалде унеб мехалда. Сунца гьев гьенивe ахIарав? Бокьун букIана террористазде данде гьарулел рагъулал ишазулъ гIахьаллъизе. Гьесда гьеб иш лъикI лъалаан ва лъадариги гIураб щун букIана. Сергей мустахIикълъана «За заслуги перед Отечеством» абураб, кIиабилеб даражаялъул орденалъе, «За отвагу» абураб медалалъе. Гьесул хIакъалъулъ бицунаго, цадахъ хIалтIарав, бухьеналъул отделалъул начальникас абуна: «Дида гьев жеги Карамахиялдасаго лъалев вукIана, хадур Первомайскаялдаги Чачаналдаги цадахъ рукIана. Абизе кIола гьес цо нухалда дир гIумру хвасар гьабуниланги. ХIалбихьи бугев рагъухъан вукIиналъ гьесда лъикI лъалаан киналго ахIвал – хIалазда гьабизе кколеб жо. РакIалда буго гьесда аскIов вукIарав цоязул



бохида гулла щведал, киналго рихха – хочараб куцги Сергейица гьабураб мухIканаб кумекги».

ЧанцIулго кьолеб букIана Сергейие рахIатаб хIалтIи. Чанги абулеб букIана гIелин вагъарав… Амма гьес жаваб кьолаан: «Спецназалда хIалтIи тезе бокьуларо. Гьениб батIияб букIуна ахIвалги, гьоркьоблъиги. Гьанире жидерго мурадазе гIолон унаро. Гьединал гIадамал хвалидаги гIумруялдаги гьоркьор хьвадуларо» ян.

- Дидаги цебе чIолароон диего батIияб гIумру, - ян абуна Алла Анатольевналъ, - ва щибаб кьоги къабул гьабулеб букIана къисматалъул сайигьатгIадин. ГIумру нижер букIана гьуинаб, цоцада ричIчIулеб ва ракIалда бугеб жо бицинчIониги лъазе кIолеб. Чанги кколаан дирго гIумру маргьуйилан. Васги ясги гьариги букIана нижее гIурхьи гьечIеб рохелги чIухIиги. Нижер букIинесеб гьезулъ бихьулаан. Сергей вукIана хъизаналъе вижарав, тIалаб – агъаз кутакав ва ургъел гьабулев чи. Гьеб гьесие кидаго цебесеб бакIалдаги хутIулаан, - ян бицана Аллаца. Щибаб эркенаб лахIзат гьес хъизаналда цадахъ тIамулеб букIана ва гьеб талихIалъе ахир букIинаребгIадин кколаан.

Рагъулаб вацлъи…

Хъулухъги хъизангогIадин букIана Сергейие

- Лъалищ рагъулаб вацлъи щиб жояли? – абун гьикъана Аллаца. – Гьеб буго тIезе кIолареб рахасгIадинаб бухьен. Гьел рукIуна цо бидулал гIадамал, цо эбелалъ гьаруралгIан гьуинал ва божарал. Гьединазул хIакъалъулъ абизе бегьула вацалин. Гьезул щивав вукIуна гIаммазулго цо бутIалъун. Гьел цадахъ хола ва хола бахIарзаллъун.

Дица гьикъани Аллада росас балъголъаби рагьулел рукIанищан. Гьелъги абуна жинда гьесул хIакъалъулъ кинабго лъалаанила.

Алла доб заманалъ хIалтIулей йикIана «Авиаагрегат» заводалда. ГIолел рукIана лъимал. Гьей кидаго росасухъ балагьун йикIунаан ва ракIалде кколаан жиндаса талихIав чи ватиларилан.

- АнцIила цо сон бана нижеца цадахъ, - абун бицана гьелъ, - гьеб заманалъул щибаб къо дир рекIелъги хутIана. Хасал ишазул кIудияв уполномоченный, милициялъул майор… гьев вукIана лъикIаздаса лъикIазул цоявлъун. Гьев цогиязеги мисалалъе кколаан. КигIан кIудияб къиматалъе мустахIикълъаниги, Сергей довго гIадатияв чилъунги хутIана, цIаразги чиназги, щапакъатазги гьев хисизавичIо.

СОБР, УСБ МВД РД, ОМОН… Гьел киналго рукIана бихьинчилъи куцалел школал. Росасул захIматалъулаб нухалъул хIисаб гьабулаго Аллада цониги гьалатIги батулеб гьечIо.

- АнцIила анкьго соналъ цебе ана гьесул рухI зобалазде, - ян угьун биччана гьелъ, - амма сурат цебе чIола чIагоялдаса чIагого. Хисулебги гьечIо гьеб дир берда цебе, рикIкIалъулевги гьечIо, доб балагь бачIараб къо кIоченеги батиларо.

Кинабго кидагогIадин букIана 2005 соналъул ичIабилеб октябралъги. Гьес бицунеб букIана тIаде щолеб букIараб жив гьавураб къоялъул, ракIалда букIана гIодорчIей гьабизе, гьалмагъзаби ракIаризе. Амма гьеб кинабго букIине кколаан метер. Жакъа абуни гьев радал сагIат анлъгоялда ворчIизавуна хехаб телалъ (тревога). Хабар бачIана МахIачхъалаялда цо пуланаб рокъор хъачагъал рахчун ругилан. Гьеб букIана рагIараб ва жидер кIудияб хIинкъи бугеб къокъа…

ТIуркIанадай доб къоялъ рос къватIиве унелъул Аллал ракI?

- БукIана рекIелъе лъугьараб, хIинкъиги рахIат хвейги цадахъаб асар, амма гIемер кколеб жолъидал, абизегIан кIвар кьечIого хутIана. Рос чIванилан абураб жоги гьелъ букIунеб жогIадин къабул гьабичIо, божичIо. Гьанжеги жий гьевгун чIаго вугевгIадин гаргадулин абуна Аллаца.

## РАКI ГIОДОБЧIВАЙ…

Аллада кинго бажарулеб гьечIо гьелдаса йорчIизе. АнцIила анкьго сон аниги сон букIарабгIадин кколеб буго. Сабурай ва калам дагьай гьей кидаго досул пикрабалъ йикIунеей йиго.

- Лъебералда анкьго сон бана Сергейица, - ян абуна гьелъ, - гьесул рукIана гIемерал анищал. Бокьун букIана МВДялъул академиялде цIализе лъугьинеги. Пайда щиб, цо къоялъ кинабго кIоченабуна…

Террористал жанир рахчараб рукъ букIана МахIачхъалаялъул цо рагIалдехун кколеб къотIноб. Радал микьгоялда спецназалъ гьеб сверун ккуна. «Аслияб къокъа, майор Подвальниясул нухмалъиялда гьоркь, рукъалде гIагарлъана, - абун буго милициялъул хIисабкьеялда хъван. НуцIида кIутIидал жанисан къвагьдезе лъугьана, рехун рачIана къватIире гранатал ва гьенир кIигоял спецназалъулал лъукъана. Командир рукъалъул бокIнида нахъе кIанцIана. Хадубги бачIана рехун граната ва гьенибго

милициялъулазде тIаде ракъги хъилги жубараб хIурги бачIана. Байбихьана кьвагьдезе. Гьенив цоги спецназалъулав захIматго лъукъана ва гIодов ккун вегунго хутIана. Подвальнияс гьев цIунун вукIана автоматалъул кьвагьиги къотIизе течIого. Гьенив цо террористги лъукъана ва къокъабго сихIкъотIиялдаса пайдаги босун лъукъарав гьалмагъ нахъе вехъерхъизе вортарав Сергейил бохдузде хъачагъаз автоматалъул ирга биччан бачIана…

Вилъине бажарулареб хIал букIаниги командирас кьвагьи къотIизе течIо ва гьедин тIаде щварав кIудияв лейтенант ГIабдурахIимовасе рес кьуна лъукъарав нахъе восизе. Гьенир рукIараца бицухъе гьеб кьвагьдеялда цояв хъачагъги ракьалде ккезавун вуго Подвальнияс ва живго, гевегун, рукъалде нахъехун лъугьун вуго, кьвагьдеялъе санагIатаб бакI ккезелъун. Амма гьеб заманалда цогидав хъачагъас гранатаги рехун, хадув живгоги тIаде вортун автоматалъул ирга биччан буго командирасда тIаде. Бидулъ вецIарав командирасда бихьулеб букIана рагъухъаби хIинкъи бугеб хIалалда хутIулел рукIинги. Гьезул цояв, ГIабдурахIимов гьесулев вукIана командирасе кумекалъе вортизе. «Сергей, къеда нахъехун хъурше, дица рес кьезе гьечIо гьезие дуде кьвагьизе», - абун ахIдолев вукIана гьев командирасда вагъаризе бажарулеб гьечIолъиги лъаларого. Хъачагъаз абуни Сергейиде гIуж ккун букIана, гьесие кумекалъе цогидал рачIине рукIинги лъан. Гьедин жиндие кумекалъе тIаде вачIунев ГIабдурахIимовги гуллица шапизавулеблъиги бихьана командирасда. Хадуб жиндир рухI лъугIулеб букIинги бичIчIун Сергейица хIукму гьабуна живгоги хун хутIарал гьалмагъзаби цIунизе. Гьес къватIибе бахъана цадахъ букIараб граната ва хъачагъал тIаде руссинегIанги чIун, ахирисеб къуватги бакIарун, чекаги къватIибе цIан, гьезде хьвагIана гьеб…

## ГЬЕВ ГЬЕЧIЕБ ГIУМРУ…

С. Подвальниясул гIумруялъул хIакъалъулъги КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзазулгогIадин, мухIканаб хъвай – хъвагIай гьабун буго. Гьеб бахIарчилъи мисаллъун кквезе бегьила жакъа Украиналда рагъулезеги. Гьединаб багъадурлъиялъе чиясулъ ВатIаналде рокьи эбел – инсудехун бугелда бащадаб букIине кколеб батила. Халкъазда гьоркьосел дол террористазулги жакъа нилъераз лъугIизарулел нацистаздаса дагьаб хIинкъи букIинчIо гIагараб улкаялъе. Нилъер заманалда гьел цохIогоял гIадинал тушбабилъунги лъугьун руго.

С. Подвальный хун нахъе хутIана гьесул унтарай херай эбел, бусаде ккарав эмен ва гIиго гIисинал лъимал. Аллаца хIаракат бахъана гьел киназего гIолон гIумру гьабизе. ГIезаруна лъимал, рехун течIо росасул эбел – эмен. Сергейил хIакъалъулъ бицунаго гьелъ цебе босун бачIана бахIарчиясул цIва. Хун хадуб кьуна гьеб тIадегIанаб цIар Сергей Подвальниясе ва лъадуеги гьеб лъугьана бищунго тIадегIанаб цIвалъун. Гьелъ кьолила жиндие къуватги, гIумруялъе жигарги, гуребани гьедин чIаголъиялдаги хутIизе йикIинчIилан абуна Аллаца, бадиб магIуги хулун. БахIарчилъун вахъине вижарав чи вукIанила Сергей, батIайиса букIине ресги гьечIила ва лъебералда микьго сон базе къоял хутIидал анила гьев къаникье…

Лъималазги тIаса бищана рагъулаб иш. Вас Викториеги яс Алинаеги эмен ккана гIумруялъе чIагояв мисаллъун. Вас ккола МВДялъул хIалтIухъан, хIалтIулев вуго Ростов областалда. Гьес лъугIизабуна Новочеркасскалда Суворовасул цIаралда бугеб рагъулаб училищеги, Ростовалда МВДялъул институтги. Ясги цIалулей йиго Ростовалъул правоялъулаб академиялда.

- Лъималаз дунги ахIулей йиго Ростовалде, - ян абуна Аллаца, - амма дихъа бажарилищ Сергейил эбел унтарай херай, 85 сон балей Валентина Васильевна тезе? Гьединго гьаниб Дагъистаналда ккана дир кинабго ракIалда хутIулебщинабги. Гьанир руго Сергейида цадахъ хIалтIаралги, гьезие гьев жакъаги чIагояв гьалмагълъунги вуго…

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# ГІАЙШАТ ГЪАЙИРБЕГОВА




ЦерегІанго соназ журналалъул жилдазда суратал лъурал руччабазул гІумруялъул цІех-рех гьабизе бокьула нижее зама-заманаялдаса. Дол ясазул бицун цІидасан хъвалаго нижеца кІвар кьола гьезул гІумруялъул нухда ккараб хиса – басиялде. Гьаб иргадулаб бицен буго, І977 соналъул (№...) журналалъул жилдал жиндир суратaлдалъун берцин гьабурай, ГІайшат МухІамадовна (Камилова) Гъайирбеговалъул хІакъалъулълъ. Кин гьей доб мехалъ журналалъул жилдалде ккарай, щиб гьелъ цІалдолезе рагьилеб жинирго гІумруялдаса?

ГІадатияй, намусай гІадан йиго ГІайшат. Хас гьабун цохІо гьелъул рахъалъ гуребги, 45 соналъ сверухъ ккарал хисаба-басиязулги бицине жакъасеб къоялъ хІажалъи букІиналда божизайизе ккана гьей. Щай гурелъул, доб цебесеб макъала бахъаралдаса бихxана кІудияб Советияб улка, ккана гІемерал хиса – басиял. ГІайшатица абулеб буго, улкаялда гІумруялъул гІуцІи, низам хисаниги гьеб жинда абизеГІан хъвачІого, жиндирго гьелъуль кІудияб гІахьаллъи ккечІого анилан. Гьел соназул манзилалда жиндир букІанила ракІ бан гьабулеб хІалтІиги щулияб хъизанги, гъваридаб исламияб божиги.

«Эбел – инсуца гьитІинаб къоялдаса нахъе кьуна дие динияб бичІчІи. Нилъер тІолабго къисмат БетІергьанасул кодоб бугилан абулаан гьез. Гьезулги эбел-эмен рукІана исламалъул нух ккурал гІадамал. ДахІаба, дахІада гьитІинго камиялъ, гьезул гІумруялъул дарсал дие щвечІо» - ян абуна гьелъ.

- **ГІайшат, кинха дур сурат доб мехалъ журналалъул жилдалде ккараб?**

- Доб заманалъ дун цІалулей йикІана медучилищеялда. БитІараб бицани, гьитІинго дида берцин бихьараб махщелги букІинчІо тохтурлъи. Дие бокьулаан гІемерай цІалдезе, рокьи букІана адабияталде, тарихалде. ГІемерал соназ астмаялъ унтарай дир эбелалъейин абуни бокьун букІана рокъой тохтур йикІине. Школалдаги училищеялдаги дун гІицІго щуйил къиматазда цІалана. Дие кидаго, сундульго бокьулаан гьабулеб ишалъуль камиллъи.

Доб сураталъул бицани, цо нухалда директорасул ахІи щвана дун кабинеталде ячІаян. ЩибгІагидай ккаңаян ургъелги щвана гьение. Директорасухъ ратана нужер журналъул хІалтІухъаби, суратал рахъулев цо гІолилавги вугоан цадахъ. Журналалъул доб номералда бахъулеб букІана училищеялъул юбилеялда хурхараб макъала. Директорас гьезда лъикІаблъун бихьизабун буго, лъикІай студентка хІисабалда, жилдалда дир сурат лъезе. Сураталъе хІадурлъизе дие гьез кьуна бащдаб сагІат. Дунги екерун общежитиялдеги ун къачІа-кІатІан, ретІа – къан ячІана. Фотографас гьениб саламатабго фотосессия лъугьинабуна. Хадуб гьес гІезегІанго суратaлги рачІана дие ритІун. Гьеле гьедин ккун йикІана дун доб жилдалда. КигІан сонал аниги жеги ракІалда буго директорасул кабинеталде ахІидал дирго букІараб хІинкъиги, хадуй, йоржарай гІадин общежитиялде-нахъе екериги..

РитІухъаб, ракІгъураб калам букІуна ГІайшатил, гьедин гІагарги гьарула гьелъ жиндехуго гІадамал. Жиндирго гІумруялъул хІакъалъулъ гьурщулел

ракIалдещвеялги рукIуна гьелъул, гьайбатаб тIабигIаталда эркенго чвахулеб лъарал чили гIадаб, рахIатаб ва тату кьолеб.

- ГьанжегIадин ракIалда буго, училищеялда цIалулеб цо къоялъул лахIзатал. Иргадулаб экзамен лъикI кьунилан телефоналъги ахIун эбел йохизайизе, почалде ун йикIана дун. Гьедин кIалъалаго эбелалъ дида абуна: «Мун гьанже абун йиго!» ян. Цебе чIезабеха дир лъугьараб хIал! Дида лъалароан щив чи гьев дун абурав, бичIчIулеб букIинчIо щай эбел – инсуца дир разилъи цIехечIого рагIи кьурабалиги. Циндаго рижарал жанисел суалал гьединал ругониги, хадуб дилъ загьирлъана доб, чIахIияз хасияталъулъ лъураб божилъи, малъаралъе мукIурлъи, эбел-инсуца дие гIоло лъикIаб гурони гьабунгутIиялда ракIчIей.

ТIоцеве абурав дида вихьана, балъгого, гьоралъул нуцIил хъаршазда гьоркьоса ялагьун. Гьев вачIун вукIана нижер азбаралде, инсухъа цо кинабалиго хIалтIул алат къваригIун. Вихьарабго дида лъана гьев нижедаса церехун классалда цIаларав вас вукIин. Школалда гIемерал ясазе рекIее къабулав гIолилавги вукIана гьев. Ниж данделъана I98I соналъ. Нижер руго лъабго лъимал, гьезулги гIолел руго жидералго. ГIезегIан захIмалъиги бихьана нижеда гIумру-яшав гIуцIулаго, амма рокъоб рекъелги, цоцазул адабги кидаго букIана. Рос гьанже хIалтIула гидростроителазул къайи – цIа рикIкIадал регионазде баччулеб машинаялда. Гьев кидаго вукIуна рокъове хIалакун, хъизаналъухъ урхьун. Нижер рокъоб гIадатлъун лъугьун буго сапаралдаса эмен вуссиндал киналго лъимал-хъизанал данделъулеб. Дица кидаго щукру гьабула БетIергьанас кьураб ригьнал тIалихIалъухъ.

- **ГIайшат, додин щуйилазда цIалун щвараб фельдшер – лаборанталъул махщалил щибха ккараб? Гьанже мун ЧIикIаб ГЭСтроялда архивазул отделалъул начальник йигин.**

- Дица абичIищха медиклъун яхъине кидагIаги анищ букIинчIилан. Училище лъугIидал сахлъицIуниялъул чанго идараялда хIалтIана дун. Эбелалъул мурад тIубазабиялъухъ сайгъат хIисабалда гIадин БетIергьанас дун хадуйккун ячана дирго рекIей къабулаб, документ, кагъат-квараялда квалквадулеб бакIалда хIалтIизе. Гьений дун йиго 200I соналдаса нахъе. Нижер архивалда буго I963 соналдаса байбихьун данде гьабураб материал. Гьенирго руго Миякьо, ЧIикIаб, Ирганай, Загорск ГЭСазул гIуцIаразул баянал. 2007 соналъ АО «ЧIикIаб ГЭСстроялъул» контора гочана Пятигорскалде. Гьединлъидал, батIи-батIияб хIажалъи ккун рачIуна нижехъе гIадамал. Гьел къваригIуна пенсиялде унезе, къватIирехун хIалтIизе ритIулезе. ХIалтIи гьечIого хутIуларо, херал захIматчагIазул баркалаги камуларо. ХIукуматалъул тIалабги гIадамазул хIажалъиги гъалатI ккезе течIого, камилго тIубалеб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIизе хIаракат бахъула дица гьаниб.



Мисалалъе, цо нухалъ дида лъана нижер идараялъул ясли – ахалъул документал кинабалиго минаялъул подвалалда, регьел гIемераб, бахчадул ва ахил нигIматал цIунулеб бакIалде чIехьон рукIин. Дир гьезда щцин бахьана. Балагьун машинагун ана гьение, лъидаго щибго абичIого нахъе росана. Хадур, гIемераб заманалъ, ракъвазаризе ккана рагьлил махI бахъарал кагътал. Гьединал жал чанги ккана хIалтIул хIалбихьиялда. Дидаго тIад жавабчилъи бугеб иш бокьулеб букIиналдаса йохула, гьеб намус бацIцIадго тIубазабизе БетIергьанас къуват кьеялъе щукруги гьабула.

Документазда гьоркьоб ГIайшатида батун буго Гьизилюрталда гIумру гьабулев вугин тIалаб гьабизе чи гьечIев ялгъузав КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи. Гьев ГЭСсал раялъул захIматалъул ветеран вукIинги тасдикъ гьабулеб букIун буго баяналъ. Ветеран вугеб бакI цIехон, Бергьенлъиялъул къоялде сайгъат – саламги босун жийго ун йиго гьесухъе щвезе.

ГIайшат жийгоги ккола захIматалъул ветеран, «ЧIикIабГЭСстроялъул» ва «Русгидроялъул» Управлениялъул рахъалдаса гьелъие гIемералги шапакъатал щвана. Амма сундасаго хириял шапакъаталлъун гьелъие руго жинца кумек гьабурал гIадамазул баркалаялъул кагътал.

- Дида гIумруялда квешал гIадамал дандчIвачIо, ясли-ахалдаса байбихьун бухьен тIечIелгицин руго божарал гьалмагъзабиги. БетIергьанас кьураб къисматалдаса даимго разияй йиго дун.

***Мисалалъе йихьизайизе мустахIикъай, жий йигеб бакI берцин гьабулей гIадан йиго ГIайшат Гъайирбегова. Гьединал лъикIал гIадамаз берцин гьабулеб батила нилъер гIумруго.***

**Сулгият БУЛГАЕВА**



# Щибаб къоялъ гуро рокьул бицунеб

Вокьулевгун дун дандчIвалин бицунеб букIинчIо гьеб къоялъ щибго. Кидаго гIадинаб ретIа-къай, гIадатияб рекIел хIал, хIатта гьава-бакъцин букIана гIадатияб.

Дун – тIоцебесеб курсалъул студентка, гьитIинаб шагьаралда каникулалги тIамун тIад юссуней йикIана МахIачхъалаялде. Баччун лъабго кIудияб кванил нигIматазул цIурал сумкабигун, дун автостанциялде нуха регIизе йилъана эбел.

– Расги букIунаро дир яс, такси кквe – ян абуна гьелъ, дир гьурмада гьел сумкабаздаса рази гьечIолъиги цIалун – вореха, хасаб таксиялда гурони рекIунге!

Квеш лъикI сумкабиги рекъезе гьарун, дун автобусалда жаниб гIодой чIезе бакI балагьизе лъугьана. Амма, билеталда хъвараб бакIалда гIодов чIун вугоан цо гIолилав. Дица гьесухъе дирго билет бегьана, гьес чвантиниса жиндирабго бахъун бачIана, гьелдаги гьебго бакI хъван бугоан.

– Мун гIодой чIа, дица шоферасда гьикъилин щиб-кинали – янги абун, гьес дие бакI кьуна.

Цо дагьаб заманалдасан гьев вачIун дида аскIов гIодов чIана.

– Квешлъиялда хадуб лъикIлъи букIунин абула – ян гьимана гьев – гьитIинабго гъалатI ккун рагIула. Мун гIадинай берцинай ясалда аскIов гIодов чIезе щведал, дица гьел тIаса лъугьун тана. Дица дунго дидаго цее чIезаюна: бакъуца юхIарай, багIариялъ чIучIадизаюрай, басрияб нухлулаб ретIел ретIарай... "Валлагь берцинай йиго, тIокIай берцинай ясго ятиларо" – ян ракIалде ккана дида, амма гьесие жаваб гьабичIо.

Нижер лъай-хъвай ккана. Дир сапарцоясда цIар Муслим батана. Гьевги дунго гIадин каникулаздаса хадув цIализе тахшагьаралде инев вугоан. Медакадемиялъул лъабабилеб курсалъул студент вукIун вуго. ГIолохъанчиясулгун, ракIалда гьечIеб, гьадинаб лъай-хъвай дир тIоцебе кколеб букIана, букIаниги дилъ щибго рахIатхвей букIинчIо. Гьелъул гIаксалда, дида ракIалде кколеб букIана, дунги Муслимги церегоялдаса цоцазда лъалел рукIанин. Нижеца сундулго бицана: нижерго хъизамазул, гьудулзабазул, цIалиялъул, букIинисеб махщалил... Дида бичIчIулеб букIана, диего гIадин, гьесиеги дида аскIоб лъикI бугеблъи. Циндаго гьес къватIибе бахъун бачIана кIудияб рагIикъотI, ниж цадахъ гьелде тIаделъана.

– Дида ракIалдецин ккун букIинчIо цо ясалъулъ гIакълуги, берцинлъиги, гьайбатлъиги цадахъ букIине рес букIунилан – ян абуна Муслимица, дир кумекалдалъун рагIикъотI цIун бахъарабго.

Дида ракIалде ккана гьелго рагIаби гьасул хIакъалъулъги абизе бегьилин: ворхатав, къуватав, берцинав, бихьиназул журналалъул жилдазда вукIунев гIадав гIолилав вукIана Муслим. «Лоти ватила» – ян пикру бачIана дир – гьадинаб лага-черхгун ва берцинлъигун ясаз нухго толеб батиларо.

– Дуда лъалищ дур цIар лъилали? – ян ракIалдаго гьечIого суал кьуна Муслимица.

– Лъала, дирго кIодоэбелалъул цIар буго, Марьям – ян жаваб кьуна дица суалги бичIчIичIого.

– ЦохIо дур кIодоэбел гуро Марьям йикIарай, МахIмудил йокьулейги йикIана. «Марьям» поэма цIаличIищ дуца?

Дида МахIмудги гьесул поэмаги лъалаан, чIахIиял классазул Дагъистаналъул адабияталъул дарсаздасан. Дида киданиги ракIалде ккун букIинчIо ХъахIабросулъа МахIмудица хIасратго кучIдузулъ рехсарай Марьямил дидехун хурхен

бугилан. Циндаго Муслимица байбихьана МахIмудил гIумруялъул бицине ва гьесул поэмаялъул бутIаби дие рекIехъе цIализе. Хадуб гьес абуна жиндагоги лъалила кучIдул гьаризе, Литературияб институталде цIализе инецин бокьун букIанила, амма эбелалъул анищ букIанила жив мединституталде лъугьине. Дун гIажаиблъана, амма щибго абичIо. Дир гьурмада суал цIалараб кинигин, Муслимица абуна:

– Лъалищ, гьелъул дун гурони щивниги гьечIо. Жийго гьей лъималазул рокъой гIуна, дир инсуе росасе ун хадуй лъабго соналдасан къороллъуда хутIана. Гьелдаса нахъе ниж кIиялго цадахъ руго. Инсул рахъалъан гIагарлъи буго дир, эбелалъул абуни щивго гьечIо. Жийго кидаго унтун йикIунелъул, эбелалъе бокьун буго дир лъикIав тохтур вахъине. Дун гьитIинаб мехалдаса нахъего бугеб эбелалъул анищалда тIасан хIучч цIазе дида кIвечIо.

Дида нахъеги ракIалде ккана ниж церегоялдаса цоцазда лъалел рукIанин. МахIачхъалаялде гIагарлъанагIан дир рахIат холеб букIана, щаялиго бокьун букIинчIо Муслимгун ятIалъизе.

– Дуца изну кьуни дица мун рокъое щвезайила – ян абуна Муслимица дие автобусалдаса рещтIине кумекги гьабулаго, – киб дуца гIумру гьабун бугеб?

Дица цадахъ цIалулей ясгун рукъ ккураб бакIалъул адрес бицана ва гьес такси ккуна.

Дир рукъалъул мадугьал ва гьудул Наира, Муслим вихьигун, чай гьекъезе жаниве вачIайин чIана. Гьев суалгун дихъ валагьана, гьурмада басандулеб рохел бахчизе хIаракат бахъулаго, дица, изну кьун, бетIер гьанкIана.

Гьелдаса нахъе нижер гьитIинабго ккураб рокъов Муслим гIемер вачIунев гьоболлъун лъугьана. МаркIачIуде вачIун, тира-сверизе паракалде, дискотекалде рачунаан. Заман ана. ТIадеялдаса тIаде ниж, Наира гьечIого, кIиялго дандчIвазе байбихьана. Гьел рукIана магIарухъ иццал гIадал рацIцIадал, хьублъи гъорлъ гьечIел дандчIваял. Кидаго цадахъ, киналъулго хIакъалъулъ ракIжубараб хабар, цIакъ ратIалъизе бокьуларел лахIзатал. Нижеца бицунароан букIинеселъул, бертадул, амма дида бичIчIулеб букIана гьав гIолилав дие ракI-ракIалъ вокьулевлъи, кидаго бокьун букIунаан гьев вихьизе, гьесухъ гIенеккизе, гьесда аскIой йикIине. Муслимицаги абулаан дун рекIее гIолин, дун лъидаго релъинчIей, батIияй йигин.

Гьедин ана цо лъагIел. Наираца дида гIемер цIехолаан кида бертин букIунебилан. Дица жавабалъе махсаро-хочI гьабулаан. Дирго рекIелъин абуни кIутIулеб букIунаан гьебго суал. Щибдай Муслимида ракIалда бугеб? Гьес дида йокьулин абулароан, батIиял рагIаби хIалтIизарун гурони. Дун гIенеккун йикIунаан гьел киналго руччабазе рагIизе анищал рагIабазухъ, щаклъи бачIунеб букIана йокьулейцин ятиларин. Хадуб диего ракI-макI гьабулаан, гьесие дун йокьулин, амма бихьизабулеб къагIида батIияб бугин.

Цо нухалъ квачан, дун унтана. Наираги гIодоркъояз росулъе ун, дун Муслимил тIалабалда гъоркь хутIана. Гьес дие квен гьабуна, бухIилаго куракул лъим гьекъезабуна, рогьинегIан дида цеве чIана. Нахъисеб къоялде дир мадар лъугьун батана, букIаниги Муслим рокъове инчIо, къад къоялъги къасиги дида аскIов чIана.

Цебе васас гуккарал ясазде гIайиб гьабулей йикIунаан дун, росасе инегIан намус цIунизе кIвезе кколин, бетIер сверизе бегьуларин... Гьале, гьанже гьеб гудракье дунго ккана... ЛъугьинчIого гIолареб лъугьана гьеб сордоялъ.

Хадуй дун цIакъ рекIекълъана, Муслимилги гьебго хIал букIанин ккола. Гьев бетIерги дализе биччан дида аскIов гIодов чIун вукIана, гьес я дун гIодое йиччазе рагIи бицинчIо, я ячинин абичIо. ГIицIго абуна, гIайиб жинда бугин тIаса лъугьайилан.

Циндаго дир рекIелъ бухъардана кутакаб рахIатхвей, гьелъ пардавалъ кинигин бахчана унтиги, хIинкъиги, нечейги. Гьесул рагIабазулъ дида рагIана: «Дица мун ячунаро! ГIайиб дудаго буго!» Дир рекIел хIал Муслимида бичIчIулеб букIинчIо, гьев жиндирго ургъалилъ вукIана. РакIалдаго гьечIого дун гIодое йиччана, Муслимиецин ракI-макI гьабуна, лъугьаралдаса ракI бухIун гьечIин. Гьес данде абураб дида рагIулеб букIинчIо. РекIел тIиналда бакI ккун гьесдехун бугеб ракIхвеялъ беццлъизеги гIинкълъизеги гьаюлей йикIана дун.

Муслим ана. Нахъисеб къоялъ ниж нахъеги дандчIвана. Нижер къоязул чIумал церего гIадин рехизе лъугьана. ТIасан балагьун щибниги хисун букIинчIо. Муслимица кинабго эркенаб заман дида аскIоб тIамулаан, гIищкъудал цIурал бераз валагьулаан, амма, лъиеялиго балъгояб гьа барабгIанги «йокьулин», «жиндир чIужулъун йикIа», – йин абулароан.

Заманалдасан Муслим цо анкь базе рокъове ана, шагьаралде вуссингун дихъеги вачIана. РатIалъараб анкьида жаниб дир хIукму ккана гьесулгун гьоркьоблъи хвезабизе. Дида лъалеб букIана лъикIал гурел пикрабаз дун жанисан кваналей йикIин ва гьесулгун дандчIваял ругънаде щвалеб цIамлъун рукIин.

Дица ратIалъизе кколин абидал, Муслим гIажаиблъана. Гьесул «Щай?» абураб суалалъе дица къокъго жаваб кьуна: «Дие мун вокьуларо». Гьев божичIо. Къойил вачIун жинца мун теларилан гаргадулаан. Дица чара хвеялъ хIалтIизабуна къей гьечIеб хIужжа: «Дие цогияв вокьула!».

Гьев нахъе ана. Хадусеб киноялда гІадин букІана... Заманалдасан дида лъана дир рекІеда гъоркь цоги ракІ кІутІулеб букІин. Наирада бицана. Гьей Муслимида лъазе кколилан чІана, дица инкар гьабуна. Щай гьесул гІумру хвезабун, гьес я ячинин, я йокьулин абичІелъул. Наира Муслим вачІиналъухъ ялагьун йикІана бицине, дунин абуни лъимер хвезабизе ургъулей йикІана. Лъимер гьабизе дир хиялцин букІинчІо, дир эбел-инсуда гьеб бичІчІулароан. Наираца дида гьарулеб букІана лъимер тейилан. Дун, кколеб къадар гІарцулги балагьун, аборт гьабулеб бакІалде къокъана.

Нечеялъги хІинкъиялъги ракьулъе тІерхьине хІадурай дун дежурный врачалда цее эхетана. ГІемерал дун гІадинал гІолил ясалги, руччабиги рихьарай гьелъ, сундулго сан гьабичІого, дие суалал кьуна ва халгІатги кьун палатаялъуе йитІана. Гьебги ретІун, бецІаб палатаялъуб рахІат толарел пикраби ботІролъа рачахъизе лъугьана дун. Цин ракІалде ккана бахъун речІчІун халгІатгун, дирго ретІелги ретІун, гьаниса тІуризе. Дун тІоцеесей яги ахирисей гурелъул, эбел-инсуца къабул гьабичІони, дицаго гІезабила лъимер. Нахъеги батІияб пикру бачІана: кинаб гьеб лъимер букІинеб, лъида релълъараб, ясищ, васищ? Дица хІалакун гьел пикраби нахъе рачахъана: гьабичІеб лъимерги, тІубачІеб рокьиги – кинабго араб заманалда букІине биччай...

– Марьям... – ян рагІана дида лъалеб гьаракь.

Дида цеве эхетун вуго Муслим, дун хадуй гІунтІулей йикІинчІо кин гьев гьаниве ккаравали. Дун рекІеда ятизегІанги чІечІого, гьес буюрана ретІел ретІейин ва жинда цадахъ йилълъайин. Дица инкар гьабизе хІалбихьана. Муслимица кьварун лъазабуна: «Гьеб дир лъимер буго! Гьелъул къисматалъул жаваб кьезе дур ихтияр гьечІо, дун дуе вокьулев ватичІониги. Лъимер гьабун хадуб дица нахъе бачина, мун эркенго тела».

Ниж ратІалъиялъул унго-унгояб гІилла лъаларев, дица «вокьуларин» нахъ чІварав Муслимил рагІаби рукІана гьел.

Гьес дун жиндирго рокъое ячана ва метерго эбелалъухъе рилълъинин абуна, лъимадулги букІинесеб бертадулги бицине. Дун гІодана. Ахираб заманалда рекІелъги, каранлъги букІараб ракІхвейги, унтиги, гьесул гІумрудал нухда квал-кваллъун йикІине бокьунгутІиги, магІилъан ричІчІуларел рагІабазул гІорлъун чвахизабуна дица Муслимиде...

– ВахІ. Дуе цогияв вокьулин абураб рагІи ургъун бахъараб жойищха? – ян тамашалъана гьев. Дица бетІер гьанкІана. Цо кинабалиго бакІаб гьир тІаса рехараб гІадин вохана Муслим:

– Дунгоги бачІинахъего божулев вукІинчІо. Нилъ кидаго цадахъ рукІунаан, кида гьев батІияв вукІине заман букІараб? Дуца кьварун дун нахъчІвайдал...

– Дуца дида цониги нухалъ йокьулин абичІо, дида бихьулеб букІана доб сордоялъ мун пашманлъарав куц...

– Дун дидаго ццин бахъун вукІана, дудаса ракІ буссун вукІинчІо. Дун бихьинчилъидал, дидаго кверщел гьабизе кІвезе кколаан... Рокьул рагІаби – дида кидаго кколаан гьел цІакъ къуватал, хириял рагІаби ругин, – гьел щибаб къоялъ абуларо... Нужее, руччабазейин абуни, гьел рагІаби жибго рокьудасаги кІвар бугел рукІун руго. Гьанже абизе бегьула дица дуда гьел рагІаби. Дида цойги нухалъ кинабго лъикІ бичІчІана. Мун дида божизе ккола. Дие мун йокьула, Марьям!

**Хъвана**

Эльмира **ИБРАГЬИМОВАЛЪ**





# НИГIМАТАЛ ГЬАРЗАЯЙ МАЙСАРАТ

Дица рикIкIуна росдал магIишаталда хIалтIулел захIматчагIи жидерго ватIаналъул унго-унгоял патриотал кколилан. Щибха Аллагьасул рахъалдасан кириги гIадамазул рахъалдасан баркалаги цIикIкIараб букIинеб, рацIцIадал, хIалалал кванил нигIматаздалъун гIадамал хьезариялдаса? Румазул император Гай Юлий Цезарица абулеб букIун буго: «Провинциялда тIоцевесевлъунго лъикIин, шагьаралда кIиабилевлъуналдаса» ян. Дагьал церегIан сонназцин гьеб пикругун советияб лъайгун тарбия щварал разилъулел рукIарал ратани, жакъасеб гIелалъе бокьулеб буго рахIатаб, амма щиб кваналеб, кинаб гьава цIалеб бугебали лъалареб, шагьаралде. Росдал гIумруги, гьениб гьабулеб хIалтIиги я бокьулеб, я лъалеб гьечIо гIемерисезда. ТIубан батIияб батана дида Хунзахъ районалъул Сивухъ росулъа Сулейманова Майсаратил хъизан.

«ЗахIматалъ берцин гьавулин инсан» илан кици гьеле гьединал гIадамазул хIакъалъулъин бугеб. Гьеле гьединалин дов Цезарица росдал гIумруялъул церехъабилъунги, тIоцереселлъунги рикIкIарал. ГIемерисезда бихьун батила «Лабайка» цIаралда гъоркь къватIире риччалел тIорахь, нису, щарил ,биараб нах гIадал тIагIамал нигIматал. Гьеб лъикIаб хIалтIуда нахъа руго лебалай Майсаратги гьелъул кIвахI гьечIел ясалги.

**- Майсарат, бице нигIматал гьарулеб СПоК рагьизе кин дуда ракIалде ккараб, кинаб ахIвал-хIал бугеб производствалда, нужго разияб хIалалда хIалтIи цебе бильъунеб бугищ?**

Колхоз таралдаса хадуб, бокьулеб иш тезе кIвечIого, нижеца хъизангун рагьана ООО «Услуга», нижер фермаялда жакъа къоялде буго I80 чIегIерхIайван, гьездасан I30 бечIчIулеб гIака. ГIун вачIана цIикIкIарав вас Мурад, пикру ккана гьесул цIаралдаги ферма рагьизе. Бана цо сарайги, байбихьана магIишат цIигьабизе. Гьале, ООО «СентIухалдаги» буго жакъа I20 чIегIерхIайван (80 бечIчIулеб гIака).

Цебе нижеца рахь бичулаан «МахIачхъала гормолзаводалъе», 4-5 соналъги гIарац кьечIого гьез хелдезаридал, балагьана рес Кизилюрталда нижерго рахь ва рахьдал нигIматал гьарулеб цех рагьизе. Исана лъабго сон бала СПоК «Баркаманалъ». Гьарула ва ричула тIорахь, биараб ва щарил нах, хIан-нису гIадал нигIматал. ГОСТалъ тIорахьалъул – 45%, щарил нахул – 75% беэнлъи бихьизабун бугониги, гIадамазда нижерго нигIматазул тIагIам ва качество лъазеян, нижеего зарал-ками кколеб букIаниги «Баркаманалъул» тIорахьалъул буго 56% беэнлъи, щарил нахул – 82-85%. ГьабсагIат цехалъе босун буго рахь, бетараб рахь шушбухъе тIолеб оборудование ва цIа-рагI, макърал шушби кьвагьулеб аппарат.

Рахь босула нижерго кIиябго фермаялъул гуреб, тIанусдерил, буцIулдерил, лъегIелдерил, шатадерил, херехьдерил, гьерекIдерил аскIор ругел магIишатазулги.

ХIадурараб продукция бичула гIатIиракьалдаго, амма анкьие цо нухалъгIаги магIарухъеги битIула.

**- Бугищ нуж гIадазе пачалихьалъ гьабулеб кумек, кинал захIмалъаби дандчIвалел хIалтIулъ?**

Росдал магIишаталда хIалтIулездехун, нигIматал гьарулездехун хIукуматалъул бербалагьи цIикIкIун буго, амма цебеялдаса гьанже хIалтIи захIмат буго. Рахьдал литралъул багьа буго цIакъго учуз, данде ккуни 2-2,5 литр рахьалъухъ щолеб буго гIицIго цо литра соляркадул, щуго литралъухъ цо тук харил.

# Женщина Дагестана

**2/2023**

**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Дата выхода в свет 15.04.2023 г.
Формат бумаги 60 x 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0404. Тираж (3847) 1100 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

**На обложках:**
I – Алёна Магомедовна Абдуллаева, директор МБОУ «Трисанчинская СОШ имени Р.М. Умалатова»;
II – Обелиск-памятник «Скорбящей матери», г. Каспийск;
III, IV – Фотоэтюд. Автор Г. Курбан-Адамова.




Риидал рахь бичун щванщинаб хайир уна боцIуе рагIи-хералъухъ. Нижер магIишатазда рецулел ракьалги дагьал гурого гьечIо. Къурушалдаса босула хер, 300-400 азарго гъурщидегIаги ккола корма. Гьадин пикру гьабуни, гIакдада хадуб цIунизе кIвараб бече кколеб буго нижер захIматалъул бацIцIадаб хайир. Жакъа къоялда кварталалъе 5 миллионалде рахь ва рахьдал продукция бичани, хIукуматалъ кьола I0% субсидия. Гьабулеб буго гIезегIан кумек, амма цо къоялъ хIисабкьей кватIаницин тIад лъолел пенябазгун-гIакIабаз, щибаб жоялда хадуб хьаравуллъи букIинабулел органазул гIемерлъиялъ, гьелъул лъикIлъи якъинго лъазе кIоларо. Жакъа къоялда бокьараб жиндирго иш бугев чиясда жиндирго кверзул щуябго килищ гIадин лъазе ккола налогазулаб системаги, бухгалтерияги, юриспруденцияги.

КъанагIатаб ишлъун лъугьун буго хIалтIухъаби щвейги. Жакъа нижер рахьдал цехалда официалияб къагIидаялъ хIалтIулев вуго 6 чи. Гьезул харжаздаса рукIине кколел отчисленияги гьарула, налогалги гьоркь ккола. Фермаялда руго 6 доярка, 2 вехь, 2 механизатор, 3 молоковозалъул водитель. Жакъа дояркалъе литра рахьдал бечIчIун кьола 5 гъурущ, амма гIемераб къо бихьула гьеб мухьалда разиял щвезецин.

- **Нужер буго хъизамалъулаб бизнес. Кин нужеда, умумузда кIвараб лъимал хадур цIазе, гьанжесел гIолилазе бокьуларо гурищ къо бихьулеб, захIматаб хIалтIи?**

- Байбихьуда букIунаан гьединаб хабарги. Хасго кIудияв вас Мурадил жидергун гIелбащадал тира-сверулел, рахIаталдайин, жалин абуни боцIудаги, регарилел-рецарилелги ругилан. Рес къотIун, гIака бечIчIизе чи щоларого, боцIуда тезе чи щоларого бугеб мех, цеве-цеве бетIергьанчиги, хадуй дунги, рачун лъималгун рахъунаан гьел хIалтIаби гьаризе. Гьедин гьелги ругьун гьаруна захIматалде.

Финансазулгун экономикияб техникумги лъугIизабун цIикIкIарав вас вукIана бухгалтерлъун хIалтIулев. Гьаб бакIида гIодов чIарав хIалтIи, къалам-кагъат жиндие къабуллъулеб гьечIин чIана гьев цинги. Техникаялда хIалтIизе бокьилилан. «Бокьилеб батани, бихьинчи, ма бецаризе комбайн, ма пресс. ХIалтIуларев – кваналаро»-ян лъазабуна гьеcда. Заманалдасан гьесул лъикIав механизатор лъугьана. Жакъа къоялда цадахъаб хIалтIул кинабго щвалде щун лъала гьесда, яс Эльмирада. ГьитIинал жеги цIалулел руго. Дица бицуна мех-мехалъ гьезие хабар, кинин гьанже рукIинаанилан, инсуца хIалтIизарулеб мехалъ кIвахIаллъун чIараланиян. Гьезул щивазул буго бокьараб кваназе-ретIине рес, метерисеб къоялда ракIчIей. АльхIамдулиллагь.

- **Баркала, Майсарат, нижгун гара-чIваризе замана батаралъухъ. ЦебетIей нужер магIишаталъе, щулияб сахлъи нужеего гьадинал баркаманал нигIматаздалъун халкъ хьезабизе.**

- Дуеги баркала нижер захIматалъул гIадамазда бицине къасд ккаралъухъ.

**Гара-чIвари гьабуна**
**Фатима МУХIАМАДОВАЛЪ**





ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная

4 651116 280082